


GRAD  
BP  
165.5  
.F73  
1965  
BUHR

A 747,796







# PANTIARAN HIKMAT

H.A.FATHURROHMAN

PENERBIT : C.V. "DOMAS"  
BANDUNG

Original from  
UNIVERSITY OF MICHIGAN



INDO-3706

# PANTJARAN HIKMAT



PENERBIT C.V. DOMAS  
1965

GRAD

BP

165.5

'F73

1965

Buhr



Assalamu alaikum w.w.

**BISMILAHIR ROHMANIR ROHIM**

GLBuhv  
Seaxia  
5-24-90  
INDO-3706

Alhamdulillah Robbil 'Alamin.

Sadaja pudji kagungan Allah nu Maha Welas tur Asih. Nu ngaratuan Sakuliah Alam.

Tjunduk waktu nu rahaju, ninggang mangsa nu waluja, disarengan karidoan Allah s.w.t. parantos medal buku „Pantjaran Hikmat” nu ngabahas masalah<sup>2</sup> agama. Karjana pangarang nu moal bireuk deui ngaranna disakuliah tatar Pasundan mah.

**”H.A. FATHURROHMAN”**

Pangarang Islam golongan Generasi Muda. Nu radjin tigin enggoning da'wah Islam nu didasaran ichlas karana Allah. Karanganana nu munggaran, disumbangkeun dina kalawarta KUDJANG mimiti taun 1955, tug nepi ka kiwari. Disagigireun kapapantjéan ngeusian rohang Agama dina KUDJANG, dina unggal basa Sunda aja karanganana nu ngabahas masalah<sup>2</sup> agama djeung dongéng<sup>2</sup> nu didasaran ka-Islaman.

Karanganana salilana objektif, njingkahan hal<sup>2</sup> nu matak nimbulkeun Chilafiah (perbedaan paham). Pedaranana disalujukeun djeung elmu pangaweruh modern, bari henteu njimpang tina patokan masalah nu dibahasna. Pamadeganana enggoning njebarkeun ad'aran Islam pikeun ngamumulé Sjiar Islam, didasaran ku firman Allah dina Al-Quran, Surat Ro'du : 17, nu unggelna : „Fa ammaz zabadu fajadhabu djafa'an wa amma ma janfa'un nasa fajamkutsu fil ardhi.” Hartosna, „Saenjana ari budah mah, bakal musna hilang tanpa karana. Sedeng perkara nu mangpaat pikeun insani, baris tetep renggenek di ieu bumi.”

Muga<sup>2</sup> Allah ngersakeun maparin taufik & hidajat, rachmat & hikmat ka pangarangna, ka para maos, ka para para Muslimin muslimat, enggoning ibadah sareng mu'amalah, nja kitu deui ka Penerbit nu medalkeun ieu buku, nu satekah polah ngiring aub njumbangkeun sasieureun, sabeunjeureun pikeun ngadjungdjung Sjiar Islam.

Amin, Amin Ja Rabbul 'Alamin.

Wassalam  
Penerbit.

**B U B U K A**  
**Bismillahir rohmanir rohim**

Sadajana pudji kasembahkeun ka Gusti Allah Nu Ngajuga sa-  
antero alam, rachmat sareng kawiludjengan mugé dilimpahkeun ka  
panutan urang sadaja Kangdjeng Nabi Muhammad s.a.w., miwah  
kulawargina sareng sadaja umat<sup>2</sup>-na.

Amma ba'du : Sajaktosna artikel<sup>2</sup> anu dipidangkeun dina ieu  
buku téh, parantos dipidangkeun dina kalawarta Kudjang. Ngé-  
mutkeun kana kirangna batjaan<sup>2</sup> anu medar adjaran<sup>2</sup> Islam, anu  
dilujukeun kana gerakna kamadjuan djaman (babakuna dina basa  
Sunda), ku kituna simkuring teu kinten ngaharepna, ieu seratan<sup>2</sup>  
téh mudah<sup>2</sup>an aja manpa'atna ka kaom Muslimin di tatar Sunda  
chususna, Indonesia umumna

Ka sdr. P. Nataprawira anu parantos ngabantu njusun, sareng  
ka C.V. Domas anu parantos ngarodjong dugi ka tiasa medalna  
ieu buku, teu hilap simkuring ngahaturkeun sewu nuhun. Kalajan  
mugi<sup>2</sup> Nu Maha Kawasa ngawales kana kasaéanana. Amin.

Pamungkas : Ka para maos : Dina bobo sapanon tjarang sapa-  
kanana, taja sanés mung sih hapuntena anu kasuhun.

Nandjung, 26 Mei, 1965

H. A. Fathurrohman.

## 1. HIRUP.

Naon ari hirup téh ?

Tapsiran tina ieu ketjap pohara rupa<sup>2</sup>na, gumantung kana tempat djeung niatna baé.

1. a. Numutkeun istilah ilmu hajat, hirup téh sabalikna tina maot. Tina barang anu maot moal bisa timbul barang hirup. Maot dina lebah istilah ilmu ieu, sarua hartina djeung an-organis, sedeng hirup sarua djeung organis. Atawa upama maké ketjap sédjén mah pibasaeunana téh : barang anu teu njawaan (saperti : batu . beusi djste) djeung machluk nu njawaan.

b. Nurutkeun paham evolutionisme, kamadjuan hirup téh naék<sup>2</sup> ti daradjat nu panghandapna nepi ka daradjat nu pang-luhur<sup>2</sup>na. Nja kitu deui ngeunaan tabé'at djeung rohani manusa ogé, aja kamadjuan<sup>2</sup> dina hirup téh. (Darwinisme).

c. Pertanyaan anu katjida rumitna (sulitna) pidjawabeunana nu patali djeung masalah hirup, di antarana nja éta :

1. Timana hirup téh asalna ?
2. Undang<sup>2</sup> naon nu ngawasa hirup téh ?
3. Naha hirup téh geus leuwih ti heula ditetepkeunana ku Nu Kawasa, nepi ka djalma mah ngan darma ngalampahan riwayat wungkul ?
4. Ka mana nja los dimana geus maot ? (dimana geus euweuh hirupna ?).

d. Ilmu pangaweruh dina djaman kiwari nu geus pohara muntjakna netepkeun (geus manggihkeun), jén saenjana nu disebut hirup téh pendjelmaan ti nu disebut „protoplasma”,

Naon ari proto-plasma téh ? Nja éta sabangsa barang hirup nu dieusi ku gabungan<sup>2</sup> kimia nu katjida banggana pikeun dikanjaho-keunana. Dina éta gabungan téh aja bobodas endogna, aja gemukna, aja koolhydratna djeung aja zat<sup>2</sup> mineralna.

Ngagabungna ieu kabéh satjara istimewa djeung gaib nepi ka nimbulkeun hirup.

Tjindekna élmu pangaweruh djaman kiwari enggoning nalungtik rasiah<sup>2</sup> hirup téh, kakara nepi kana lebah protoplasma, sedeng rasiah panggabunganana mah, masih kénéh tjan kabuka.

Naha kira<sup>2</sup>na engké ka hareup aja kamungkinan baris bisa kabuka ? Kana hal ieu para ahli pikir rupa<sup>2</sup> pamanggihna.

Du Bais Reimond (1818 - 1896) geus ngasongkeun pamanggihna kieu : „Urang mah bangsa manusa moal bisa nganjaho-keun !”.

Demi tjek Häkel (1834 - 1919) : „Hirup téh teu weléh ném-bongan dina saantero barang<sup>2</sup> anu njawaan.”

Tjek ahli pikir nu sédjénna : „Hajoh terus madju ! Dina hidji waktu engké, pasti urang bakal manggihkeun rasiah<sup>2</sup>na”.

II. a. Tina pedaran<sup>2</sup> (nu medar) masalah hirup, bisa ditarik ka-tjindekan<sup>2</sup>, pangna aja hirup teh lantaran aja njawa (ruh). Ari nu disebut maot nja éta teu aja (euweuhna) njawa (ruh = roh).

b. Ajeuna timbul pertanyaan : Naon ari njawa (roh téh ?

Pandangan<sup>2</sup> kana ruh (eroh) bisa diringkeskeun dibagi dua ba-gian. :

1. Golongan nu nganut paham materialis (sarwabenda), tjék anggapanana nu disebut djiwa, njawa, atawa ruh téh taja lian ngan saukur tapak, buah tina djalana pakakas<sup>2</sup> djasmaniah nu lengkep tur sampurna -ibarat hurungna seuneu (tapak) tina ajana lilin anu kabeuleum.

Ruh (Roh) téa ogé saenjana euweuh wudjudna, nganukur dongeng nu didjadjadikeun.

2. Golongan nu nganut adjaran<sup>2</sup> agama. Golongan ieu boga anggapan (kapertjajaan) jén djasmani djeung rohani téh diwangun ku dua barang (zat) nu masing<sup>2</sup> boga wangunan sewang<sup>2</sup>an (man-diri).

Kalengkepan djeung kasampurnaan badan djalma ngan saukur mangrupa pakakas (tutumpakan) baé tina njawa (ruh) alias rohani. Ku kituna numutkeun paham nu ngagem agama mah nu disebut maot téh lain ngandung harti rohani djeung djasmani leungit tanpa lebih ilang tanpa karana lebur papan kalajan tulis tapi :

Ngandung harti pindah alam pindah djaman pindah lalakon ti alam dunja nu singsarwa heureut djeung kasar ka alam kubur nu singsarwa lega djeung singsarwa lemes.

Pangna pindah djalaran djasmani tutumpakan rohani geus ruksak. Demi ruh (supir djasmani) tetep hirup langgeng terus nga-deuheus ka Nu Kagunganana geusan ngabalitungkeun amal-paga-weanana salilana njupiran barang titipan.

Sakadar pikeun sawangan ieu di handap kapintonkeun saba-gian tina obrolan antara panganut golongan materialis djeung go-longan nu ngagem agama nu ngeunaan hal RUH.

– Naon roh teh ? Naha eta teh lain ngan ukur dongéng baé ?

+ Kitu baé bisa djadi ! Tapi pamadegan andjeun ogé saenjana ukur dongéng.

- Lain ! Lain dongéng pamadegan kuring mah tapi bener<sup>2</sup> riiëll.  
Barina ngomong kitu téh siga nu enja pisan kajakinannana.
- Kuring geus yakin tur bisa nerangkeun ku djalan ratio.
- + Na kira<sup>2</sup>na akal andjeun tjukup pikeun ngébrehkeun sagala rupa perkara ?
- Mémang ! Pikeun ngabuktikeun hal éta : Tjoba rarasakeun naha andjeun bisa mikir bener upama otak andjeun keur gering ?
- + Tangtu moal.
- Tuh geuning !
- + Miscka ! Andjeun gurung-gusuh ! bisa andjeun ngetik ?
- bisa.
- + Upama aksara<sup>2</sup> dina mesin tulis téa dikakat sarta terus diawut<sup>2</sup>, naha bisa kénéh kira<sup>2</sup>na andjeun ngetik ?
- Tangtu moal bisa.
- + Tapi nadjan kitu andjeun tangtu masih kénéh bisa, kudu kumaha<sup>2</sup>na ngagunakeun mesin ketik, nadjan aksarana geus diawut-awut ogé lain ?
- Tangtu baé.
- + Mischka, bisa andjeun ngeset biola ?
- Nja sakadarna mah bisa bae.
- + Tjing upama snar<sup>2</sup> biolana di-pegat<sup>2</sup>-keun naha kira<sup>2</sup>-na eta biola bisa disada ?
- Tangtu moal.
- + Tapi nadjan kitu, andjeun tangtu ngarti sarta inget kénéh kumaha prak-prakanana ngesét biola ?
- Puguh baé.
- + Mischka ! Upama biola nu pangalusna ku kuring dibikeun ka budak leutik nu kakara bisaun meubeutkeun naon<sup>2</sup> nu aja dina leungeuna naha kira<sup>2</sup>na éta budak baris bisaun ngesét biola bari ngalagukeun rupa<sup>2</sup> lagu ?
- Tangtu moal.
- + Nja kitu deui upama kuring mikeun biola tanpa snar (taja senaran) ka salah saurang violist nu geus mashur kabisana di sakuliah dunja naha kira<sup>2</sup>na manehna bakal bisaun ngagunakeun ?
- Tangtu wae moal bisaun.
- + Tah uteuk djeung akal urang oge nja kitu pisan. Mémang

biola bisana disada (ngalagu téh) mibutuh kana ajana snar. Tapi kakara ku ajana snar wungkul baé mah tjan bisa dipaké nepi ka ngalagu, sabab gumantung kana kamahéran violist nu bakal ngagunakeunnana éta biola. Teu béda ti aksara<sup>2</sup> dina mesin tulis téa, éta mah ngan sakadar alat djeung pituduh dina ngagunakeun mesin tulis. Tegesna pangabisa ngetik mah teu tjukup ku lengkepna alat<sup>2</sup> wungkul.

Djalanna akal urang gé nja kitu deui, urang mibutuh uteuk supaja urang bisa mikir.

Tapi sumber utama pikiran urang mah pasti ajana di salua-reun éta sabab uteuk ngabogaan sipat ka-bendaan: aja beuratna aja timbanganana aja eusina, aja warnana ngandung bagian<sup>2</sup> kimia djeung fisika, anu éta kabéh singsarwa materiil. Tapi ingetan anu tumuwuh djeung mekar dina djiwa urang mah, éta sama sakali teu aja beuratna teu aja timbanganana, teu aja bangunna teu aja warnana.

Padahal ti dinja (tina éta) téh urang bisa njipta pirang<sup>2</sup> tjita<sup>2</sup> (kabudajaan) nu materialistis djeung idee anu teges, terang djeung riel. Kitu deui ku ngagunakeun éta kénéh urang bisa ngahontal idee anu maha abstrak anu sama sakali moal bisa di wudjudkeun dina widang realiteit. Sakadar pikeun tjontona tjoba lenjepan ketjap NAGARA. Andjeun tangtu tjan néndjo kumaha rupana nagara, tjan ngarampa djeung tjan njeuseup tjara andjeun ngenjot udud. Tapi kana ketjap nagara andjeun tangtu djol-djol ngarti.

Pikiran urang nu geus ngabogaan aturan<sup>2</sup> sorangan anu djauh pisan bedana djeung uteuk anu singsarwa fisika téa, mustahil asalna ti dinja kénéh, tapi tangtu dibeungkeut ku hidji rumusan di sadjeroeun djinisna sorangan anu ku ieu téh bakal bisa memeres sabab<sup>2</sup> kanjataan. Nia kaajaan ieu pisan anu dina idee djeung ka-insapan urang ngadjadi hidji kanjataan ngeunaan hal hirup.

Boh nu ngeunaan pangorbanan boh nu ngeunaan pertjintaan, peribadahan djisté. Tah nia ieu nu ngadjadikeun musabab tina rupa<sup>2</sup> kaniataan nu tadi teh djeung nja ieu pisan nu ku urang disebut ROH atawa DJIWA téh. Tah Mischka, ajeuna ku andjeun baris kaharti jen ajana Roh (djiwa) teh lain saukur dongeng tapi aja kaniataannana. sarua njatana djeung idee anu njumber (museur) ka dinja, boh hal<sup>2</sup> nu ngeunaan kawadajiban, kamerdikaan, kasadaran, ka-dewekan (ingsun) djisté.

(Tina Almuslimin No.2 taun ka II).

### III. Katerangan<sup>2</sup> agama Islam tina hal hirup.

A. Imam Ibnu QOYYIM salah saurang tokoh Islam nu geus mojan dina kitabna *Fawa'id* anu ditjutat ku Sayid Sabiq dina kitab *Fiqhus-Sunnah* nerangkeun kieu (anu maksudna): manusa teh ngalamanana hirup opat djirangan :

1. Hirup dina djero beuteung nu djadi indungna (persiapan).
2. Hirup di alam dunja (alam kasar : rohani djeung djasmani).
3. Hirup di alam kubur (barzah) - saheulaanan, perkentit, rohani wungkul teu djasadan.
4. Hirup di alam acherat (alam wawales-djasmanian djeung rohanian deui).

#### B. D A L I L<sup>2</sup>

##### 1. Tina hal ruh

- a. „Djeung bakal naranjakeun djalma<sup>2</sup> ka manéh (Muhammad) tina hal ROH. Tjaritakeun ku maneh R O H mah urusan Pangéran kaula. Ilmu<sup>2</sup> nu dibikeun ka maraneh katjida saeutikna (Q.S. Bani Israil : 85).

##### 2. Hirup dina djero beuteung indung.

Dawuhan Kangdjeng Nabi s.a.w. : „Saenjana didamelna maraneh téh (mimitina) dikumpulkeun dina beuteung indung lilana 40 poé, tuluj djadi „alaqoh” (getih kimpel), tuluj djadi mudlgoh (daging kimpel) 40 poé deuih, tuluj gusti Allah ngutus malaikat mawa opat kalimah, nja éta :

nuliskeun ridjina, adjalna, amal (pagawéanana) djeung bagdja-tjilakana. Tuluj éta malaikat niupkeun R O H na pikeun éta djalma (H.S.R. Buchory Muslim djste).

##### 3. Hirup di dunja

- a. „Kahirupan di dunja téh taja lian kadjaba pangbubunghah anu nipu” (Q.S. Ali Imron : 185)
- b. Dawuhan Kangdjeng Nabi s.a.w. : „Muljana di dunja téh ku numpuk<sup>2</sup>na harta-banda djeung ari muljana di acherat ku numpuk<sup>2</sup>na amal soléh”. (Naso-ihul ibad).
- c. Dawuhan Kangdjeng Nabi s.a.w. : „Digawe keur kapentingan dunja téh kudu saperti maneh nu moal maot<sup>2</sup> djeung dimana migawe kapentingan acherat teh kudu saperti manéh rék maot isukan”. (Tafsir An-Noor).

d. Pilahir Imam Ghozaly r.a. : "Dunja téh sawahna ahé-  
rat".

djste.

**4. Hirup di alam kubur (barzah).**

Numutkeum pirang<sup>2</sup> ajat qurän djeung Hadits<sup>2</sup> hirup di kubur  
teh bakal ngarandap 5 phase :

1. Rangkulan (pangrangkul) kubur.
2. Patakonan kubur.
3. Siksa/ni'mat, kubur.
4. Padumukan njawa (Ruh).
5. Pintonan pimatuheun (Ardlul maq'ad).
6. Tanghi deui ti djero kubur (Al-ba'ats).

**5. Hirup di alam ahérat.**

a. "Djeung saenjana kiamat téh pasti datangna teu aja pimang-  
mangeun deui. Djeung saenjana Alloh baris ngahudangkeun  
djalma<sup>2</sup> nu araja di kubur".

(Q.S. Hadji : 7).

b. Djalma<sup>2</sup> naranjakeun : "Saha nu pibisaeun ngahudangkeun  
deui tulang-taleng' anu sakitu geus alantjurna?".

Tjaritakeun ku manéh : „Nu bakal ngahirupkeun deui éta  
téh, nja éta Dzat nu ngahirupan éta baréto basa mimiti (nu  
asal tina euweuh)". (Q.S. Yasin : 78-79).

c. "Sing saha nu magawé amal hadé, nadjan ngan sagedé si-  
reum ateu (leutik pisan) pasti manéhna bakal nampa pama-  
lesna. Djeung saha<sup>2</sup> nu migawé amal goreng nadjan sagedé  
sireum ateu tangtu baris tinemu wawalesna (Q.S. Zilzal :  
7-8).

Ringkesna nurutkeun adjaran Islam mah, hirupna manusa di  
ieueu alam téh, lir ibarat aja di satengahing perdjalanan sadjeroning  
ngadjugdjug kana hirup anu langgeng hirup nu sadjati di alam  
ahérat.

Untung-rugina bagdja-tjilakana engké di alam ahir téa, guman-  
tung kana gerak-léngkah amal perbuatan dirina di alam dunja ajeu-  
na.

Dawuhan Nabi sinelir s.a.w. :

kudu boga perasaan, di dunja di panjabaan  
atawa tengahing djalan, rasakeun diri sora-  
ngan, djumlah ahli pakuburan. Wallohu  
a'lam.



## II. HAK<sup>2</sup> AZASI MANUSA.

Sadjero neangan djalan kabagdjaan dina ngatur hirup kumbuh, para ahli, pikir ahli<sup>2</sup> sosiologi djsté geus mupakat njusun hidji daptar nu disarebut „hak<sup>2</sup> azasi manusa”. Bédjana di P.B.B. oge geus aja hidji séksi husus anu mandiri pikeun njusun daptar hak<sup>2</sup> azasi manusa téh. Kitu deui meh di sakuliah nagara nu geus merdika di dunja kiwari, pada ngaraku kana éta hak azasi téh, malah didjari-eun dadasar pikiran dina ngalelemah pangwangunan di saban<sup>2</sup> nagara.

Demi nu asup kana eta daptar téh, diantaranya :

1. Hak kamerdikaan ngomong (njarita)
2. Hak ngedalkeun pamanggih djeung pamadegan
3. Hak kamerdikaan ngagem agana.
4. Hak pikeun meunang kahirupan nu lajak.
5. Hak mogok dimana perlu.
6. djste.

Eta hak<sup>2</sup> téh „ditarabeuh” sarta di-ébréh<sup>2</sup> supaja di alam dunja kiwari ulah aja deui djelema<sup>2</sup> anu diexploitir (didjieun pausahaan) ku djalma lian.

Tapi nadjan daptarna geus berendel sarta geus diaraku ku sa-rerea oge, mungguhing hasilna dina kanjataan mah masih keneh tatjan ngahontal daradjat nu njugemakeun. Malah keur sawatara golongan anu ngarasa hak<sup>2</sup>na tea masih keneh diperkosa ku nu lian, hal ieu teh beuki nimbulkeun rupa<sup>2</sup> kadjengkelan anu teu karuhan tungtungna.

Ku sabab ka unggal manusa diadjarkeun djeung dipelakkeun rupa<sup>2</sup> pangartian<sup>2</sup> supaja paeh-poso ngarebut hak, nja balukarna timbul perjuangan anu pohara hebatna enggoning marebutkeun hak téh.

Di nagara<sup>2</sup> Barat kiwari, bedjana balukarna tina hebatna per-djuangan ngarebut hak teh nepi ka timbul hidji sistim anu disebut "Struggle for life" (perjuangan hak hirup). Saha nu unggal dilu-hur, saha nu lemah ditintjak.

Kumaha ari djalan ngatur hirup-kumbuh nu bagdja nurutkeun adjaran Islam ?

Bari teu nga-halang<sup>2</sup> kana nganjahokeun hakna masing<sup>2</sup>, nu pangheulana kudu dipelak dina pangartian djelema téh, lain unggal djalma, unggal lapisan djeung golongan sina pa-heula<sup>2</sup> ménta,

nagih djeung ngarebut hakna, saperti upamana (ka djelema nu djaradi indung bapa) :

"He nu djaradi indung bapa ! Maraneh baroga hak narima pamulang-tarima ti anak maraneh. Upama anak maraneh teu daekeun males-budi, manéh aja hak nagih ka manéhna nadjan nepi ka matak réang tjareurik di saimah<sup>2</sup> ogé.

Dina pangajaran Islam mah sistim model kitu teh katjida di djauhkeunana. Dina hal ieu keur masrahkeun hak nu djadi indung-bapa Al Qurän maparin pituduh. :

1. a. Nu pangheulana kudu dipelak dina djiwana si Anak téh nja eta njuburkeun bibit hubungan batin antara manehna djeung indung-bapana. Budak téh kudu diwarah sina ngadoakeun indung-bapana, upamana :  
"Robbirham humaa kamaa robbajaani shogiro" (Nun Gusti mugi Gusti mikaasih ka indung-bapa djisim abdi sapertos andjeuna parantos mikaasih ka djisim abdi,, nalika abdi alit keneh).
- b. Atawa anu kieu unina : „Anisjkurlii wali-walidaika (Kudu nganuhunkeun maraneh ka kami djeung ka indung-bapa maraneh”.
2. a. Ka djalma<sup>2</sup> nu baleunghar, Al-Quran masihan pepeling :  
Sing inget dina harta banda arandjeun teh aja harta milikna djalma sedjen”.
- b. "Naha njaho maneh (Muhammad) ka djalma tukang ngabohongkeun kana agama ? Tuh itu nu sok ngarantep ka budak jatim djeung tara merhatikeun kana nasibna pakir-miskin”.

(Q.S. Al-ma'un 1-3)

3. Ka kaom madjikan (dunungan) Islam ngandjurkeun :
  - a. Bikeun buruhanana si kuli teh samemeh kesangna garing !
  - b. Dawuhan Nabi s.a.w. : „Saenjana abid (budjang) buruh maraneh teh eta dulur atawa paman maraneh anu ditakdirkeun ku Alloh (hirup) aja dina bawahan maraneh. Saha<sup>2</sup> nu ngagawekeun poma dina mere dahareunana kudu sarua djeung dahareun dununganana, kitu deui dina mere papakeanana, djeung omat ulah mere

pagawean nu katjida ngaripuhkeunana. Upama mere pagawean beurat omat kudu dibantuan". (H.S.R. Buchori).

4. Ka para pamingpin, adjaran Islam marentahkeun kudu dju-djur tur njaah ka rahajatna.

a. Dawuhan Rasulullah s.a.w. : „Djalma nu kaselir ku Alloh Ta'ala djadi pamingpin rajat tuluj manehna maot dina kaajaan keur nipu ka rajat<sup>2</sup>na, pasti Alloh ngaharamkeun ka eta pamingpin teh asup ka surga".

(H.S.R. Buchori – Muslim).

b. Dawuhan Rasulullah s.a.w. : „Ja Alloh ! Sing saha djalma nu ngawasa hidji perkawis (mingpin) umat djsim abdi upama manehna njusahkeun ka maranehna mugi Gusti masihan kasusahan ka manehna".

c. Dawuhan Rasulullah s.a.w. : „Sakabeh pangasuh (pamingpin), bakal ditakonan tina urusan angonan (anu dipingpinna).

5. Djeung rea<sup>2</sup> deui.

Ku gambaran sakolebat tadi di luhur, ebreh jen prakna adjaran Islam enggoning „njaplak" mereskeun djadjaran hak<sup>2</sup> azasi manusa teh, ditekenkeun kana „pelaksanaan", lain kana gambar<sup>2</sup> atawa sembojan<sup>2</sup> anu paruluk nu susah dipraktekkeunnana. Diantarana nja eta ku djalan melakkeun rasa tanggung djawab djeung ngampihan sipat<sup>2</sup> amanat pikeun saantero anggota kulawarga, masarakat, enggoning njanghareupan kawadajibanana sewang<sup>2</sup>an.

Teu samar deui, upama eta tungtutan<sup>2</sup> tea geus dilaksanakeun kalajan sampurna, (ngawudjudkeun) masarakat nu adil ma'mur tur ginuluran rahmat Ilahi teh tangtu gantjang kahontalna. Beda deui djeung silih rebut hak hirup anu pasti buahna ngan baris nimbulkeun kasakit „patjengkadan kelas" bae.

Wallohu a'lam

### III. HARTI KETJAP AGAMA

I. Ketjap agama dina basa Sangsekerta upama ditardjamahkeun kana basa Sunda, hartina téh hukum, aturan, instruksi, undang<sup>2</sup>, atawa wet. Sok aja nu ngarutjat A sareng GAMA.

A = henteu GAMA = djalan (leumpang). Ieu rutjatan teu bener lantaran agama mah geus djadi hidji ketjap mandiri saperti katjapinging djsb.

II. Ketjap agama nurutkeun pedaran para ahli basa Indonesia :

1. Katerangan Sutan Muhammad Zain dina Kamusna :

„Agama téh nja eta kapertjajaan kana kasaktian roh karuhun<sup>2</sup>, dewa<sup>2</sup> djeung Tuhan”.

2. Ari dina Kamus W.J.S. Purwadarminta : „Agama téh nja eta kapertjajaan ka dewa<sup>2</sup>, Tuhan djste dibarengan ku pangadjaran kabaktian djeung kawadajiban<sup>2</sup> anu tumali djeung eta kapertjajaan<sup>2</sup> tca.

3. Nurutkeun Ensiklopedia Indonesia : „Manusa (nu nganut agama) ngaku kana ajana Nu Maha Sutji. Manusa insap jén aja kakawasaan anu djembar nu ngaleuwihan tina sagala kakawasaan nu aja. Nja kakawasaan ieu pisan nu di anggap sabagi asal atawa Cholik tina sagala perkara anu aja téh.

4. Ari nurutkeun Webster, 's new 20 th Century dictionary : „Agama téh nja éta hidji sistim, peraturan<sup>2</sup>, tingkah laku djeung undang<sup>2</sup> pikeun kagiatan anu eta kabehannana téh didasarkeun kana pangakuan ajana kapertjajaan, anu ngeunaan djeung sumarand kana kakuatan Nu Maha Agung (saluhureun kakuatan djeung kakawasaan manusa) (tegesna undang<sup>2</sup>) ti Nu Maha Kawasa.

III. Katerangan para ahli bahasa Arab :

Ketjap Agama nu ilahar dipake dina basa Indonesia djeung basa Sunda téh, dina basa Arab mah, disebutna AD-DIIN.

1. Ari ketjap ad-diin (agama) téh njaeta :

a. Adat-istiadat, tingkah-laku.

b. Ngarendahkeun diri djeung sumembah.

2. Saur Abu Luwais Ma'luof, hidji pandita Katolik bangsa Arab dina Kamusna : „Ari nu disebut Ad-diin (agama) téh njaeta sesebutan kana hidji perkara (palaturan), anu eta paraturan téh gunana paranti metakeun tata-tjara sumembah ka Alloh Ta'Ala.

IV. Katerangan para ahli filsafat (pilosop) : Agama teh njaeta saantero aliran dasar djeung pandangan pikiran parasaan manusa anu „ngamuara” ka Dzat Tuhan.

1. Agama teh elmu pangaweruh tina hal kawadajiban manusa nurutkeun timbalan Dzat Tuhan. (Immanuel Kant).
2. Saenjana mah agama téh perbandingan manusa kana hakekat dirina sorangan. Tapi manusa nganggap kana hakekat dirina téh saperti nu lian.

(Ludwig Feuerbach).

3. Agama téh nja éta kasadaran anu langgeng anu sumurup kana kasadaran manusa nu kawatesan.

(H e g e l)

**Kumaha dihartikeunana ketjap agama upama dilarapkeun kana agama Islam ?**

Tangtu bae istilah (terminologie) agama nurutkeun pamanggih para ahli basa, filsafat djste, baris beda djeung pandangan kaom Muslimin, saupama eta ketjap (agama) dilarapkeun kana agama Islam mah.

Sabab dina pandangan para ahli basa djeung filsapat djste mah, harti agama téh ukur sa-mata<sup>2</sup> :

1. Tata-tjara (adat-istiadat) manusa enggoning hubungan djeung nu gaib.
2. Urusan ibadah anu ngahubungkeun manusa djeung Gustina.

Ari mungguhing anggapan kaom Muslimin mah leuwih ti kitu :

1. Ad-Diin (agama Islam) teh nja eta katangtuan<sup>2</sup> ti Tuhan S.W.T. anu nganteur<sup>2</sup> ka manusa nu njarekel pageuh kana éta. Nganteurkeun kana kabagdjaan di dunja djeung aherat.

(Prof. Thohir A.M.)

2. Agama Islam teh nja eta tata-tertib anu geus ditetepkeun ku Ilahi, anu bakal mawa ka manusa<sup>2</sup> nu baroga akal sarta daraek muntang kana eta kana kabagdjaan diri maranehan-

ana di dunja djeung aherat. Demi Ad-Diin (Agama Islam) téh ngawengku kana urusan<sup>2</sup> itikad djeung amal.

**Dr. Mukti Ali**

3. Ari Ad-Diin (agama Islam teh) nja eta pirang<sup>2</sup> itikad, pirang<sup>2</sup> kapertjajaan, pirang<sup>2</sup> pangadjaran anu gunana pikeun ngahontal kasalametan djeung kabagdjaan di dunja djeung di aherat (sarta ieu Ad-Diin téh anu diwahjukeun ti Alloh subhanahu wa Ta'Ala pikeun manusa<sup>2</sup>, kalajan perantaraan Rosulna (Muhammad s.a.w.).

(Al-Ustadz A. Hasan almarhum  
ex Guru Besar Djam'iyah  
Persatuan Islam).

Tegesna Ad-Diin (agama Islam) dina pandangan kaum Muslimin mah lain baé ngan ukur ngeunaan urusan AQIDAH djeung ibadah wungkul tapi ngawengku kaidah<sup>2</sup> Mu'amalah djeung kaidah<sup>2</sup> achlaq.

Ringkesna : AGAMA téh, upama dilarapkeun kana agama Islam mah dina pandangan Muslimin nja éta :

„Wahju anu dilungsurkeun ku Alloh Ta'ala ka Rasulna (Muhammad s.a.w.) anu ieu wahju ka Rasululloh s.a.w. téh, eusina pikeun sakabeh djalma nu baroga akal di sagala djaman djeung di tempat mana bae (ieu wahju anu di lungsurkeun ka Rasululloh s.a.w. téh, eusina) mangrupa tata-tartib djeung katangtuan<sup>2</sup> anu ngatur kahirupan djeung hirup-kumbuh manusa dina sagala urusan nu ngeunaan :

- a. Hubungan manusa djeung Gustina
- b. Hubungan manusa djeung manusa deui.
- c. Hubungan manusa djeung alam nu djadi saku-rilingbungking : a. flora (tutuwuhan). b. fauna (sato) djsb.

Tudjuanana agama Islam pikeun ngahontal kabagdjaan kasugemaan djeung kasalametan nu sadjati pikeun sakumna manusa, didunja djeung di aherat. Demi poko eusina ngawengku :

1. aiedah
2. ibadah
3. qa'idah mu'amalah
4. qaidah achlaq

#### IV. IMAN DJEUNG ELMU (PANGAWERUH).

Ari elmu (pangaweruh) bisa objectif ?

Pikeun ngadjawab eta pertanjaan kawasna perlu dipedar heula naon saenjana ari nu disebut agama djeung naon ari nu disebut elmu pangaweruh.

Upama diguar saliwatan bisa oge disebutkeun jen agama djeung elmu pangaweruh téh lain<sup>2</sup>na deui, beda tudjuanana djeung beda deui dina medanna (lapanganana). Elmu pangaweruh mah ngeunaan urusan kanjaho, ari agama mah ngeunaan urusan kaper<sup>2</sup>tjajaan. Kanjaho djeung kapertjajaan téh dua rupa perkara nu beda pisan, nadjan duanana timbulna pada<sup>2</sup> tina kainsapan, manusa ogé. Palita elmu ajana dina uteuk demi palita agama ajana dina haté.

Gunana elmu pikeun mere katerangan<sup>2</sup> kumaha dudukna hidji rupa masalah dina hubungan „sabab” djeung „balukarna”. Benerna anu dihasilkeun ku katerangan<sup>2</sup> elmu, ngan saukur bener netepan kana sarat<sup>2</sup> anu diupamakeun dina eta katerangan tea bae. Ku sabab kitu katerangan elmu mah sipatna „relatif”. Para ahli elmu pangaweruh narima kana benerna anu dihasilkeun ka panalungtikan elmuna teh kalajan ngagunakeun pandangan<sup>2</sup> anu kritis-sabab sikep kritis teh kaasup kana sabagian tabeatna elmu.

Sakur<sup>2</sup> pamanggih djeung pamadegan anu diasongkeun, kudu diudji heula nepi ka lebah mana benerna. Hal ieu téh deuih kaasup ogé kana salah sahidji sabab madjuna djeung mekarna élmu téa. Bisa ogé disebutkeun jén élmu mah dimimitianana téh ku teu pertjaja heula, ari agama mah dimimitianana téh ku pertjaja heula.

Narima benerna agama bari pantrang dibantah, sabab benerna agama mah mutlak, ari benerna elmu mah sipatna Conditional = maké sarat. Benerna agama salilana sipatna langgeng, up to date (luju pikeun saban<sup>2</sup> djaman djeung pikeun saban<sup>2</sup> tempat), ari sipatna élmu mah temporer, sa-waktu<sup>2</sup> bisa dibantah, bisa dibohongkeun ku pamanggih<sup>2</sup> nu leuwih anjar. Benerna agama mah salawasna modern, demi benerna élmu mah kadang<sup>2</sup> tinggaleun ku kamadjuan djaman.

Kapertjajaan djadi akar-pantjer nu mimiti djeung djadi tudjuan nu panganggeusan tina agama.

Nurutkeun dasar nu sa-djero<sup>2</sup>na, saban<sup>2</sup> agama pada ngaharep kana ngahidjina (persatuan) umat manusa dina djero hidji beungkeutan duduluran. Agama ngasongkeun dasar<sup>2</sup> normatif kumaha

kuduna usaha pikeun ngahontal eta maksud. Tegesna tudjuanana agama teh diantarana nja eta : mere pupuntangan (pamuntangan) hirup ka sakabeh djalma boh satjara individu boh satjara salah saurang anggahota lingkungan masarakat sangkan djalma ngalam-pahkeun pagawean<sup>2</sup> nu bener, anu alus, beresih (sutji), supaja ka-hirupan manusa teh diliputan ku parasaan<sup>2</sup>: repeh-rapih, ajem-tengtrem, tiis dingin paripurna. Sedeng tudjuan elmu pangaweruh mah tatjan pupuguh kadinja losna! Upama baé pamanggih<sup>2</sup> tina warna<sup>2</sup> sendjata modern, éta tétéla lain keur kasalametan manusa, malah mah keur ngantjurkeun.

Tinémuna rohang angkasa luar „tétéla lain keur kaadilan djeung kadjudjuran tapi pikeun nga-intensifir intimidasi. (ngaintensifkeun panjingsieunan).

Kapanggihna nuklir, lain keur kasalametan manusa tapi anggur nambah<sup>2</sup> kahariwang kana tereh datangna lebur kiamat.

Saterusna upama kudu baé di ajakeun perbédaan nu njata antara élmu pangaweruh djeung agama, boh dina tudjuanana boh dina widangna, naha élmu pangaweruh téh salilana kudu nolak baé kana sakur<sup>2</sup> perkara anu djojna tina saluareun akal? kaasup<sup>2</sup> ogé kana pangaweruh<sup>2</sup> anu djojna tina agama?

Upama dikudukeun kitu, atuh élmu pangaweruh téh kudu sanggup ngahontal „bener” ku kakuatanana djeung ku djasana sorangan sarta sama sakali teu meunang aja hubungan naon<sup>2</sup> antara élmu pangaweruh djeung agama! Atawa upama diringkeskeun mah: Naha kira<sup>2</sup>na akal téh baris bisaeun mandiri sorangan?

Masalah ieu moal bisa dipetjahkeun, saupama urang teu daék neuleuman usaha<sup>2</sup> élmu pangaweruh nu étjés tur djero!

Di hareupeun urang ajeuna balatak elmu<sup>2</sup> pangaweruh saper-ti: elmu pasti, phisika, elmu hajat, elmu ekonomi, elmu hukum djspp. Eta tiap<sup>2</sup> élmu<sup>2</sup> téh pikeun nalungtik hidji rupa perkara dina lapangan (lapisan) tina kanjataan, tegesna mangrupa élmu husus.

Para ahli élmu husus téa dina widangna masing<sup>2</sup>, pada ngabu-leudkeun pikiranana kana hidji djurusan ulikanana. Sakadar tjonto : „Tangkal kalapa”

Ahli ékonomi katarikna perhatianana téh tangtu tina widang hasilna (ekonomina), manéhna moal pati merduli tina hal phisikana. moal mikiran perkara molékul atawa atom<sup>2</sup> nu aja dina éta tangkal.

Manehna moal nalungtik kumaha kapentinganana eta tangkal dina kabudajaan sadjarah Indonesia. Nu djadi perhatianana téh ngan ukur : sabaraha harga tangkalna? Sabaraha harga buahna?



djeng kamana ngadjualna supaja gedé untutigna ..... djste.

Sabalikna saurang ahli élmu hajat mah tangtu moal nalungtik hargana, nu dipaluruh téh tangtu soal<sup>2</sup> tumuwuhna djeung nu aja patula-talina djeung élmu hajat. Atawa upama maké ketjap sédjén mah kieu pibasaeunana téh : Para ahli téh ngan ngulik hidji perkara baé tina hidji rupa élmu, atawa aspék, nu geus ditangtukeun.

Ku djalan kitu paraahli élmu vak téh, bakal ngahontal kaweruh husus anu teratur, taliti, tur djero kanjahona tina éta perkara.

Tapi nadjan kitu, saenjana kanjaho anu kabontal ku paraahli élmu husus teh pohara kawatesanana, sabab kaweruhna teh ngan berguna dina widangna masing<sup>2</sup> baé, teu bisa dipaké dina widang sédjén.

Ku kituna timbul pertanyaan.

Naha élmu husus teh bisa beresih tina prasangka atawa tina pangaruh<sup>2</sup> saluareun widangna téa ? Naha para ahli élmu husus téh bisa leupas dirina tina subjectivisme ?

Teu bisa djadi ! Malah saenjana mah ahli élmu husus teh teu njahoeun kalawan pasti mana saenjana wates<sup>2</sup> lapangan anu ditalungtik ku manehna teh, nja kitu deui lapangan élmu nu ditalungtikna ngan sabagian baé tina kanjataan sakuliahna, kitu deui hubungan antara hidji élmu husus djeung élmu husus nu lianna. !

Tah eta kabeh sama sakali moal bisa dikanjahokeun upama ngan ukur ngulik élmu dina hidji widang. Ari pibasaeunana taja lian kadjaba kudu ngagunakeun élmu filsapat.

Élmu filsapat beda deui djeung élmu-husus, élmu filsapat mah gunana pikeun nalungtik hubungan antara élmu<sup>2</sup> dina lapangan<sup>2</sup> husus nu keur ditalungtik téa tegesna : Filsapat mah pikeun nganjahokeun élmu<sup>2</sup> sageublengna djeung mikirkeun susunan<sup>2</sup> (tina pangaweruh) dirina pribadi. Hasil<sup>2</sup> anu dikontrol ku élmu filsapat tangtu mangaruhan kana usaha<sup>2</sup> élmu husus, nja kitu deui sabalikna.

Balukarna tina ajana aliran<sup>2</sup> filsapat nu mangrupa-rupa teu matak héran upama dina élmu<sup>2</sup> husus ogé aja aliran<sup>2</sup> nu béda<sup>2</sup>.

Pengaruh sarupa kieu ebreh tembongna dina golongan<sup>2</sup> élmu kabudajan saperti : élmu sadjarah, élmu ekonomi, élmu hukum, élmu achlaq djste. Pangaruh „subjectivisme” ti kalangan ahli pikir dina widang élmu kabudajan mah tangtu pisan leuwih gede. Tapi dina urusan<sup>2</sup> poko saperti nu geus diterangkeun di luhur mah moal bisa dipungkir deui, dalah di kalangan ahli<sup>2</sup> élmu alam ogé tangtu baé narima pangaruh<sup>2</sup> tina rupa<sup>2</sup> aliran filsapat téh.

Ajeuna tinggal sarupa deui pertanjaan : Naha élmu filsapat téh bisa diusahakeun ngan ku sakadar ngagunakeun akal manusa wungkul.

Naha élmu filsapat téh murni-akal mutlak ?

Lamun enja élmu filsapat téh murni, akal wungkul 100% atuh meureun akal téh „otonoom” djeung atuh meureun élmu pangaweruh oge murni. Tjoba urang buktikeun ! Lamun urang njokot aliran filsapat rasionalisme upamana, nja eta hidji aliran filsapat nu pamadeganana : Akal manusa tjukup kuat pikeun metjahkeun sagala persoalan, tjukup kuat pikeun mukakeun sagala rasiah<sup>2</sup>, tjukup kuat pikeun ngahontal bener mutlak ku djalan ngagunakeun akal wungkul.

Tangtu aja nu panasaran, nanjakeun kieu : „Make dasar naon pangna Si Rasionalis milih akal satjara pakarang nu, kompetent dina sagala soal<sup>2</sup> pangaweruh téh ?

Djawab Si Rasionalis téh tangtu lantaran manéhna boga anggapan „jén AKAL téh hidji tempat (titik) panginditan djeung hidji akar pantjer tina pikiran djelema. Tegesna manéhna pertjaja jén akal téh mémang KONTJI pikeun mukakeun sakabéh rasiah<sup>2</sup> anu kudu (djeung bisa) dikanjahokeun ku djelema sarta manéhna jakin jén SI AKAL bakal sanggupeun ngahontal djeung manggihkeun bener nu mutlak.

Upama eta djawaban dilenjapan, djol breh bae kanjahoan ku urang sihareng pang Si Rasionalis milih akal setjara pakakas pikeun nganjahokeun djeung metjahkeun sagala persoalan téh taja lian kadjaba ti sumarandé djeung didasarkeun kana ANGGAPAN, KAPERTJAJAAN djeung KAJAKINAN manehna kana kakuatan djeung kasanggupan akal. Ku kituna jakin pisan jén akal nu dipilih, ku Si Rasionalis téh geus teu rasionil deui ! Geus lain perkara anu ma'qul deui (lain bidjil tina akal pikiran) tapi sa-mata<sup>2</sup> disarandekun kana kapertjajaan djeung kajakinan. Sedeng ari KAPERTJAJAAN djeung KAJAKINAN téh sipatna kapan subjectif.

Ku kituna ebreh jen saenjana akal téh teu bisa mandiri (njorangan) teu bisa objectif gembleng, sabab objectifna akal téh inditna tina sumber anu subjectif. Ku kituna élmu pangaweruh ogé tétéla pisan moal bisa objectif 100%.

**Kajakinan kaom Muslimin, nu djadi poko panginditanana. :**  
Tadi geus diterangkeun jen hidji ahli pikir téh daek teu daek kudu ngagunakeun (make) hidji tempat panginditan (titik tolak Ind.) ata-

wa hidji akar pantjer pikiran, nu baris ngamudi kana sakabéh pikiranana.

Tina éta titik panginditan atawa akar pantjer téh, éta para ahli pikir kudu njusun djawaban naon<sup>2</sup> nu geus ditataan tadi di luhur boh nu ngeunaan soal<sup>2</sup> pokok boh nu ngeunaan soal<sup>2</sup> nu katimbang penting. Kadang<sup>2</sup> djawabanana teh didasarkeun kana kajakinana tegesna kajakinan poko ngeunaan soal<sup>2</sup> nu poko, (tina hal) kajakinan nu kumaha nu rek dianut ku eta ahli pikir.

Pikeun nu ngagem AGAMA-ISLAM, lebah dieu tangtu moal asa<sup>2</sup> deui, sabab urang Islam mah geus ngabogaan hidji kajakinan anu lain djeun manehna, tapi ditarimana teh tina adjaran<sup>2</sup> nu ditjandak ka kangdjeng Nabi Muhammad s.a.w.

Nurutkeun adjaran Islam tiap<sup>2</sup> Muslim ngabogaan kajakinan kieu :

1. Ieu alam semesta teh (kaasup oge manusa) ditjiptakeun ku Alloh Ta'ala, sarta kabéhanana aja dina dampal panangan mante-Na. Ku sabab kitu di alam dunja ieu moal aja hidji barang anu mutlak.

2. Ku sabab sakabéh perkara ditjiptakeunana ku Alloh Ta'ala, atuh tangtu nu hak netepkeun hukum<sup>2</sup> kana saantéro perkara ogé nja manten-Na. Sakabéh machluk sakuduna tunduk kana hukum<sup>2</sup> Na. Ku sabab kitu pikeun nu Muslim teu bisa narima kana otonomina manusa katut akalna.

3. Alam semesta katut pangeusina ditjiptakeunana ku Pangeran téh pikeun kamangpaatan manusa. Ku sabab éta djalma Muslim teu meunang nanggeuj gado (mikangewa) kana dunja, tuluj hirup njeungan ngasingkeun diri ngadjauhan masarakat.

4. Ieu alam téh kudu diolah pikeun kamangpaatan umat manusa, tangtu pisan éta kamangpaatan téh ngan baris kahontal upama djalma<sup>2</sup> nurut kana parentah Alloh S.W.T.

5. Karidoan Alloh djaga dina hirup langgeng di achérat téa, gumantung kana karidoan Alloh, kana kalakuan manéhna waktu hirup di dunja

Ku sabab kitu boh ngeunaan gerak langkahna keur kamangpaatan dirina boh keur masarakat atawa nagara tingkah-lakuna teh tangtu ulah padjauh tina pituduh<sup>2</sup> agama tea.

Kajakinan<sup>2</sup> hirup djalma Muslim anu geus diterangkeun di luhur, tangtu pisan bakal pohara mangaruhanana kana filsafatna, karena kajakinan<sup>2</sup> nu saperti kieu tangtu baris nungtun kanadjalan akal pikiranana djeung djalan kahirupanana. Djaba ti eta kapan

elmu filsafat téh teu elat mangaruhan kana ilmu<sup>2</sup> husus tea. Djadi tjindekna nadjan dina ilmu<sup>2</sup> husus oge, ieu titik panginditan téh tetela bakal katjida pisan mangaruhanana.

Nepi ka lebah dieu urang geus bisa narik katjindekan<sup>2</sup> :

a. Akal manusa téh tetela teu ngabogaan sipat otonoom (teu bisa njorangan), malah dina usaha<sup>2</sup>na téh teu weleh ngagunakeun hidji KAJAKINAN POKO satjara titik tempat-panginditanana.

b. Ku sabab éta agama djeung élmu pangaweruh téh, nadjan enja ogé béda lapanganana djeung tudjuanana, tapi saenjana mah moal bisa pipisahan séwang<sup>2</sup>an sama sakali, sabab hakékatna mah pada dihubungkeun ku hidji hubungan poko.

c. Ku kituna ahli pikir (Muslim) kudu ihtiar sabudi akal supaja dina ngadasarkeun sagala ilmu pangaweruhna téh, kana tungtunan agamana. Wallahu a'lam. sumber : (Saduran) Salinan bébas tina sabagian tjeramah Dr. Mukti Ali.

## V. PARASAAN RENDAH DIRI (Inferiority Complex)

Saenjana di alam dunja mah, moal aja saurang oge djalma anu ngabogaan, sipat kasampurnaan dina sa-gala<sup>2</sup>.

Ku kitu temah, nadjan sakumaha sampurnana oge diri hidji djalma, pasti dina sawatara hal mah aja baé kakuranganana, upamana hidji djalma ngabogaan kaahlian tina sarupa ilmu, kudu aja baé kurang kanjahona tina élmu<sup>2</sup> nu lianna.

Ku sabab kitu ilaharna manusa mah, nadjan nu kumaha bae oge sok aja bae kapetolanana.

Upama dirina ngarasa tuna tina hidji rupa pangaweruh (pangabisa) biasana manéhna sok ngarasa dirina dina atawa hina. Tina rasa tuna ieu bisa nimbulkeun kasakit djiwa nu disebut „perasaan rendah diri” (Inferiority Complex) téa. Sakapeung ieu parasaan rendah diri téh, saenjana timbulna ngan ukur tina tjatjad dina tjiptaan baé, lain tina tjatjad anu njata (anu bukti).

Dina kadjadian kitu, djalma nu kataradjang eta kasakit djiwa téh, pohara matak rugina, sabab sakapeung mah balukarna, éta djalma téh sok nepi ka aja nu ichlas ngaleupaskeun hak dirina direbut batur.

Malah eta kasakit bisa nambahan upama dipangaruhan ku :

- a. Keras teuing didikan dina widang "katawekalan djeung pasrah sumerah diri (Fatalisme).
- b. rupa<sup>2</sup> tekenan kahirupan
- c. djste.

Djalma nu katerap ku ieu perasaan kamerdikaan dirina dina ngadjalankeun tindakan<sup>2</sup> (gerak-langkah) nepi ka bisa leungit harkatna.

Manehna moal bisaeun lalusa tina ngadjalankeun salah sahiji kawajibanana (garapanana), nu saenjana dina lebah eta teh manehna kudu bebas (lalusa).

Malah antukna pisan bisa djadi „hidji urusan” nu saenjana hak manehna, tapi kalawan teu sadar eta hakna teh geus leupas ti manehna lantaran direbut batur! Lantaranana taja lian, karena manehna dieunteupan panjakit, parasaan rendah diri tea.

Katjapangan djalma nu ngarasa rendah diri mah : „Aduh, atuh éta mah lain ka kuring lajakna”.

Atawa : „Aduh, atuh éta mah keur garapan batur!” djste.

Tjindekna dina sagala hal, djalma nu kaantjikan éta kasakit mah sok gantjang pisan ngelehan maneh, nadjan saenjana eta peta kitu teh matak katjida ngarugikeunana kana harkat dirina pribadi.

Saenjana, kakurangan<sup>2</sup> di urang téh éta bisa kasimbutan ku kaunggulan dina widang sédjénna, hal éta disebutna „kompensasi”.

Upama hidji djalma ngarasa kurang tjalakan dina njiar pangarti, bisa baé diganti (kompensasi) ku pinter usaha dina njiar djeung ngumpulkeun dunja barana upamana. Ku djalan kitu saban djalma baris sanggup neruskeun perdjuangan hirupna di ieu alam dunja. Tegesna ku djalan ngajakeun kompensasi djalma nu tadina ngarasa kurang harga diri téh dina pandangan masarakat tetep ngamilik adjen nu lajak tur saimbang. Beuki kandel kompensasina bakal beuki ipis perasaan rendah dirina. Ahirna éta djalma téh dikalangan masarakatna bakal beuki tambah meunangna panghargaan nu matak njugemakeun kana dirina.

Di sagigireun eta, aja hidji hal anu perlu meunang perhatian djeung kudu katjida didjagana dina enggoning ngadjalankeun kompensasi téh, nja éta papatjuan ulah ngadjalankeun kompensasi kaleulewihi „(over kompensasi)”. Tjontona upamana baé Si Nu pinter ngumpulkeun (ngajakeun) dunja barana, (dina tjonto diluhur hajoh kaleulewihi tindakanana (adatna) téh nepi ka matak ngabalukarkeun karugian<sup>2</sup> ka nu lian.

Sing inget kompensasi modél kitu, téh ahirna pasti bakal ngalantarankeun morosotna deui harga dirina nu boga gawé kitu dina pandangan masarakat.

Sarat<sup>2</sup>na kompensasi : Kudu ngabogaan djiwa nu positif (njata). Djiwa nu lemah tur kosong pasti moal kaduga ngajakeun kompensasi.

Tegesna djalma nu njaho kana pangadjen diri atawa djalma nu bakal dihargaan ku masarakat téh nja éta djalma nu ngamilik djiwa nu kuat.

Nurutkeun pamanggihna Dr. Alfred Adler : saentero djiwa oge bisa dipoitifkeun. Tjoba wawuhkeun (biasakeun) éta Sang Djiwa téh djeung rupa<sup>2</sup> kasulitan. Insja Allah bisa djadi positif.

Upama djiwa geus amprok djeung rupa<sup>2</sup> kasulitan, sabudi akal kudu dihihtiaran sangkan bisaeun neleuhkeun eta musuhna (kasulitar<sup>2</sup>) tea.

Upama eta kasulitan<sup>2</sup> geus kalakonan, robah ngaranna djadi „pangalaman”.

Djadi, djalma nu disebut rea pangalamanana teh taja lian djaba ti djalma nu geus bisa ngalakonan rupa<sup>2</sup> kasulitan sarta lulus dina enggoning njanghareupan djeung ngaréngsékeunana.

„Djaba ti ku djalan kompensasi” parasaan rendah diri teh bisa ogé diubaran (dilunturkeun saeutik<sup>2</sup> ku djalan sédjén, antarana :

- a. ngeusian (mepekan) diri ku rupa<sup>2</sup> ilmu pangaweruh.
- b. ngabiasakeun tjampur-gaul
- c. ngaleutikkeun perbedaan dina kahirupan.
- d. djste.

Keur bekel djalma Muslim dina njanghareupan rupa<sup>2</sup> kasulitan, katjida alusna upama muntang kana salah sahidji maqolah anu kieu unina :

**Idza ashobaka hammun falyatafakkar fie ma'na alam nashroh !  
Hartina.**

Upama andjeun ditaradjang bingung anu banget lenjepan sing njerep eusi anu dikandung ku surat Alam nasroh dina Qur'an ! sumber : Saduran tina „Pati élmu djiwa”, Yasana Safar Yasin.

Wallohu a'lam.

## VI. T A K A B U R

Nurutkeun kamus basa Sunda R. Satjadibrata, takabur teh hartina ngarasa leuwih ti batur.

Urang pasantren ngaguar asal ketjap takabur teh kieu : Takabur teh segatna masdar (infinitif) tina fi'il madli TAKABBARO kaasup kana timbangan wazan TAFALA tina Tsulasi mazied bab kaopat kalajan panambah TA Ziyadah di awal kalimah djeung hidji hurup nu sarupa djeung 'a-in, fi'il anu diidgomkeun kana eta.

Ku asupna kana timbangan eta maedahkeun kana ngandung mana DJADI (Kitabuttashrif djilid I katja 75).

Sjech Mohammad Idris el Marbawy dina kamusna bab kap njalin kalimah takabur teh ku ketjap sombong (membesarkan diri).

Sipat takabur di manusa (sombong, adigung, gumedede djste.) kaasup kana salah sahidji kasakit rohani nu katjida ditjelana ku sakabeh agama. Karana djalma anu kaantjikan ku sipat eta dipandang mapadani kana HAQ ALLAH SUBHANAHU WA TA'ALA MAHA AKBAR.

Jesus Kristus, Nabi djeung Tuhanna kaom Nasroni dina kisah perdjalan ke Judea kungsi miwuruk kieu : „..... nja kitu deui maneh bakal dihormat ku sakabeh anu dariuk dahar babarengan djeung maneh. Sing saha nu kumalungkung (takabur) tangtu bakal dihinakeun djeung sing saha nu handap asor pasti bakal dimuljakeun. (Lukas 14 — 7 — 14) — (J A M — 206).

Dawuhan Rasulullah s.a.w. : „Sing saha nu adigung tur umangkeuh (ieu aing pangpundjulna) djeung olo<sup>2</sup> laku lampahna, djaga bakal dideuheuskeun ka hadhrat Alloh Taala padahal Mantena S.W.T. baris ngabenduan ka éta djalma (H.R. Al-Hakim).

Dawuhan Alloh Ta'ala : „Djeung papatjuan manéh ulah mitjeun beungeut (ngalieus) upama patepung atawa ngomong djeung djalma lian (karana sombong) djeung poma upama leumpang, ulah rék gumagah, karana saenjana Alloh henteu mikaresep ka djalma anu adigung tur kumalungkung (Q.S. Luqman 18).

a. Dina hadis soheh Buchory diriwayatkeun waktu Kangdjeng Nabi Musa a.s. wuwuruk ka murid<sup>2</sup>na. Ka andjeunna aja nu tumaros : „Hé Musa, saha nu pangpinterna di ieu dunja ?”

Diwaler ku andjeunna : „Kaula”

Kontan harita kénéh Alloh Ta'ala nurunkeun wahju anu ngaueuing sarta nimbalan jén aja kénéh djalma nu leuwih pinter batan Kangdjeng Nabi Musa a.s. malah mun dibandingkeun ka éta djalma, Nabi Musa a.s. téh tjan pantes djadi muridna ogé ..... (Al-Qurän Kisah Chidir djeung Nabi Musa a.s. S. Kahfi).

b. Tjarék udjaring tjarita sanggeusna Kangdjeng Nabi Sulaéman a.s. sugih mukti, beurat beunghar kagungan harta-banda anu

luar biasa lobana dina manahna timbul parasaan umangkeuh (parasaan pundjul ti batur), sapédah luhur harta gedé dunja nepi ka munadjat ka Alloh Ta'ala mundut diwidian badé ngadjamin mahluk Alloh nu aja disakuliah dunja dina djero sataun.

Dawuhan Alloh : „Entong sataun dalah, sakalieun eukeur parabna mahluk nu maratuh di lautan oge harta-banda maneh teh moal mahi”.

Tapi Kangdjeng Nabi Sulaeman a.s. tetep bae palaj ngalaksanakeun maksadna.

Katjaturkeun dahareun geus diambengkeun di hidji tempat nu upluk-aplak awahing ku lega<sup>2</sup>na ..... , petjenghul ti laut aja lauk raksasa anu gedena taja papadana. Dahareun nu sakitu ngalajahna teh ngan saletak geus beak ku sorangan tur semu tjan seu-beuheun keneh.

Mangkaning adjaman (rentjana) kangdjeng Nabi Sulaeman a.s. mah eta ambengan teh keur njuguhan mahluk saalam dunja sadjero sataun.

Angkoh Nabi Sulaeman a.s. teh lir angkohna hidji manuk Hudhud nu hajang ngadjamin Kangdjeng Nabi Sulaéman djeung balad<sup>2</sup>na bari ngan boga simeut sasiki.

Hariringna ahli Sja'ir :

„Anta Sulaemanu Yaomal'ardli qunburoh-tahdy ilaihi djarodan kana fi fieha”.

„Wa-ansjadat bilisanil hali qoilah-innal hadiya a'la miqdari muhdiha

Saundana :

„Andjeun Sulaeman poéan disuguhan hidji simeut ku tjaladi di alungan

„Eta pantes kadjadian sabab hadiah teh nurutkeun kakuatan”.

(Bada'i uzzuhur : 319)

Eta tjarita teh ngandung harti silib (metaphoor) ka djalma nu takabur pedah luhur harta gede dunja.

Takabur nurutkeun pandangan Nabi s.a.w. : Nalika Rasulullah s.a.w. miwuruk ka para sahabatna : „Djarauhan ku arandjeun sipat takabur. Sing aringet Kapan Iblis ogé asalna tina malaikat anu muqorrob (kadeuheus) nepi ka djadi mahluk nu tjilaka sa-umur téh lantaran ngukut (boga) sipat takabur”.



Hidji sahabat nudjukan : „Ja Rasulullah! Djisim abdi mah resep keneh dibadju anu weuteuh, ditarumpah nu sae. Naha ngaginding téh kalebet kénéh kana takabur?”.

Waler Nabi s.a.w. : „Ngaginding mah lain takabur, Alloh Ta'ala oge ginding, mikaresep ka nu ginding.. Ari nu disebut takabur mah eta.

Bathrul haq waghomtun nas (Tara narima kana panggeuing (pamenerkeun batur), sanadjan pamanggih (pamadegan manéhna téh geus njata salahna, djeung djalma nu takabur mah ka djalma lian téh ngan ngahinakeun baé”.

Naon landongna ari kasakit takabur ?

Landong nu pangmatihna teu aja deui djaba ti

T A W A D L U (handap asor). Nja éta éling jén :

Nu Maha Agung

Nu Maha Bidjaksana

Nu Maha Kaja

Nu Maha Kawasa.

Nu Maha Sampurna nu sadjati mah teu aja deui lian ti Alloh Subhana hu wa Ta'ala nu murbeng saantero alam.

Sing eling jen diri urang teh asalna tina tjai anu hina, nu ahirna bakal djadi barang nu hina deui (majit-bangke).

Waktu datang kadunja satarandjang teu mawa naon<sup>2</sup>, engké gé upama datang waktuna balik ti dunja baris ngagilintjing deui, iwal ti nanggung amal perbuatan balitungkeuneun di hadirat Alloh S.w.t. Nu Maha Kawasa.

Diri, harta, anak, kulawarga, pangkat nu ajeuna sok dipake gunung pananggeuhan teh, ngan sakadar akuan (aku<sup>2</sup> angga) nu moal bisa dikorétkeun upama ditjandak ku nu nitipkeuna-Na (Gusti Alloh).

Imam Choza-ly hudjdjatul Islam kungsi nerangkeun hidji hadits riwayat Mu'adz r.a. nu diantarana kieu unina :

”..... Sipatna dosa maneh teh gumantung ka diri maneh so-rangan, Ku sabab eta papatjuan ulah sok resep neumbleuhkeun kasalahan ka diri batur. Ulah sok boga rasa bener aing henteu deungeun. Ulah boga rasa „Kawasa” aing henteu deungeun. Mangkadé ulah njampurkeun kahadéan djeung kadjahatan. Tjindekna dina njiar kauntungan ahérat téh patjuan ulah digalokeun djeung tu-djuan keur njiar kauntungan di alam dunja !

Poma ulah ngukut sipat adigung, umangkeuh enggoning tjampur-gaul di masarakat téh, nepi ka diri manéh taja nu mika-

resep. Omat ulah sok haharéwosan upama dina éta riungan aja djalma lian, djeung ulah resep ngagulkeun diri sorangan (goong nabeuhmanéh), nondjolkeun diri sangkan manéh disebut djalma penting (terkemuka) nganggap batur mah taja pangadjénna, sabab éta kabéh nu disebutan bieu téh matak ngaleungitkeun kana sabagiankahadéan<sup>2</sup> manéh, boh di dunja boh diahérat (Bidayatul hidayah : 148).

Pamungkas :

Nanging kadé pahili handap-asor (tawadlu) sanés<sup>2</sup>na deui sareng parasaan rendah diri (Inferiority Complex) téa.

Wabillahi taufiq.

## VII. DISUNATAN

Salah sahidji papagon kaislaman, anu katjida diestokeunana ku saantero kaum Muslimin umumna, hususna ku urang Sunda nja eta DISUNATAN.

Anggapan kaum Muslimin di Indonésia kana disunatan teu béda pentingna djeung pembaptisan di kalangan kaum Nasroni, malah di Djawa Tengah mah njunatan téh ilahar ogé disarebut ngislamake hartina „ngislamkeun”.

Saenjana di tatar Sunda oge dongeng<sup>2</sup> nu ngalalakonkeun njunatan teh teu bisa dipisahkeun djeung riwayat njebarna agama Islam (Lalakon Kian Santang-Gagak Lumajung). Sok sanadjan dina kanjataanana ajeuna, dalah urang Baduj (nu teu ngagem agama Islam) ogé kapan disarunatan deuih (Pantjawarna : 107).

Disunatan teh salinan (tardjamahan) tina basa Arab Chitan.

Saur Imam Nawawy : „Chitan pikeun lalaki disebutna **Idza** ari Chitan pikeun awewe disebutna **Chafadh** (Muhtarul abadits I : 133).

Djumhurna ulama<sup>2</sup> Islam netepkeun jen. Chitan (disunatan) teh eta hukumna WADJIB. Tegesna urang Islam nu teu daek disunatan sanggeusna balég, dianggap dosa (Muhtarul ahadits :135).

Nadjan dina Qurän teu aja ajat<sup>2</sup> nu langsung kalajan etjes ngagunakeun ketjap marentah disunatan tapi ari umumna ajat nu méré isarat<sup>2</sup>, ka dinja mah pirang<sup>2</sup>, diantarana baé :

1. Q.S. Nisa ajat 80.
2. Q.S. Nisa ajat 125.
3. Q.S. Ali Imron ajat 31.

4. Q.S. Ahzab ayat 21.

5. djeung rea<sup>2</sup> deui.

Hadits<sup>2</sup> nu aja patalina djeung pedaran bab disunatan.

1. Tampi ti Abu Hurairoh, saenjana Nabi s.a.w. geus ngadawuhkeun : „Nabi Ibrohim a.s. disepitanana dina juswa 80 tahun djeung disepitanana teh ku kampak (H.S.R. Buchori-Muslim).

2. Tampi ti Abu Hurairoh, saenjana Kangdjeng Nabi s.a.w. geus ngadawuh : „Sing saha nu asup Islam kudu disunatan !” (H.R. Ibnu Hadjar el Asqolany).

3. Tampi ti Aby Maliek bin Usamah ti ramana, saenjana Nabi s.a.w. kungsi ngadawuh kieu : „Disunatan teh kawadjiban pikeun para pria djeung kawadjiban pikeun para wanita (H. R. Ahmad djeung Baehaqqi).

4. Tampi ti Umi At hiyyah, saurna di Madinah aja awéwé (paradji) tukang njunatan wanita<sup>2</sup>. Hidji mangsa Kangdjeng Nabi s.a.w. nimbalan ka manéhna :

„Poma ari njunatan wanita ulah dikeureut puhuna, karana eta teh gedé gunana keur wanita<sup>2</sup>, djeung leuwih njugemakeun ka salaki<sup>2</sup>-na (H.R. Ahmad djeung Abu Dawud).

**Iraha waktuna disunatan ?**

Tina hal<sup>2</sup> iraha<sup>2</sup>na waktuna njunatan para ulama béda<sup>2</sup> pamanggihna. Golongan ulama<sup>2</sup> madzab Sjafi'i netepkeun waktuna teh dina samemeh baleg.

Ari Imam Nawawi mah ngandjurkeunana téh dina umur tudjuh poe.

Tapi Imam Al-Hasanul Bashry djeung Imam Maliky mah ngamakruhkeun. Saur Imam Maliky :

„Umumna nu geus katinggal ku sim kuring kabiasaan njunatan di nagara Madinah nja eta dimana budak geus djadi huntu hareupna.

Saur Imam Ahmad bin Hambali : „Sim kuring tjan nguping nu ngudukeun kitu !”.

Saur Imam Ibnul Mundzir : „Dina njunatan teu aja hidji larangan djeung teu aja katangtuan waktuna (kudu iraha<sup>2</sup>na), ari njunatan téh anu wadjib ditjikel, atawa sunnah nu wadjib di turut gumantung kana pandangan masing<sup>2</sup> baé (Muhtarulahadits I : 137).

Saterusna ngeunaan sadjarah kamekaran disunatan, tetela ieu upatjara téh geus lawas ajana, saméméhna gumelar Nabi Agung Muhammad s.a.w. ogé (geus didjalankeun).

Imam Buchori dina kitabna bab : Kaifa kana bad-ul wahyi ngariwajatkeun Heraclius Ka-isar Romawi Wetan (nu marentah taun 610 - 630 M) kungsi ngaramalkeun (norah) jen radjana djelema nu disunatan geus gelar ka dunja (Nu dimaksud Rasulullah s.a.w.).

Bangsa Mesir purba nu hirupna 4000 taun samemeh Nabi Isa a.s oge geus aja nu disarunatan. Nja kitu deui bangsa Aztek Indian di Mexico ; bangsa Jahudi, bangsa Arab djahilijah, malah djaman kiwari bangsa<sup>2</sup> nu masih kénéh primitif saperti urang Dajak di-Kalimantan djeung urang Irian Asli oge bedjana disarunatan.

Nurutkeun sangkaan para ahli purbakala, gede kamungkinan upatjara disunatan téh asalna ti Chaldea atawa ti Babylonia. Ti Chaldea ieu upatjara kaagamaan téh terus nerekab ka Mesir purba sakumaha anu bukti<sup>2</sup>na bisa diilikan dina patung<sup>2</sup>, gambar<sup>2</sup>, relief<sup>2</sup> nu aja dina monumen<sup>2</sup> purba, nu sesa<sup>2</sup>na nepi ka ajeuna araja kénéh.

Dina agama Nasrani oge baheula kungsi aja patjek tjokan paham tina hal disunatan téh, Hawary<sup>2</sup> (murid Nabi Isa) baroga pamadegan jen disunatan téh hidji sarat mutlak pikeun djalma nu rek asup agama Nasrani. Tapi Paulus ti mimiti taun 50 Masehi, narima djalma<sup>2</sup> nu rek arasup agama Nasrani tanpa disunatan heula.

Ku pedaran<sup>2</sup> tadi atra jen disunatan téh hidji sare'at (upatjara kaagamaan) nu geus kolot umurna, anu dina agama Islam mah didjadikeun salah sahidji kawadajiban nu kudu didjalankeun ku para panganutna (umat<sup>2</sup>na).

wallohu a'lam

## VIII. Z A K A T

Zakat atawa sidkoh wadajib téh, kaasup kana rukun Islam nu katilu. Djalma nu ingkar tina wadajib Zakat dianggap murtad (k luar tina Islam).

Nurutkeun istilah agama Islam, Zakat téh kadar (ukuran) harta nu ditangtukeun sarta wadajib dipasrahkeun ka djalma anu hak narimana, kalajan njumponan sarat<sup>2</sup>na anu ditangtukeun ku sjara. (Fiqih Islam : 164).

Zakat (sidkah wadajib) dibagi dua bagian :

1. Zakat harta-banda.
2. Zakat badan (zakat fitrah)

Harta-banda nu wadajib dizakatan aja 5 rupa :

1. Emas, perak, (duit) djsb.

2. Barang dagangan
3. Ingon<sup>2</sup> (Onta, sapi, munding, domba, embe djste).
4. Bubuhan djeung pepelakan nu djadi marganing kuat kana badan.
5. Rikaz (pependeman) djeung Ma'dan (logam : emas, perak).

### Zakat emas djeung perak.

Nisab (wates minimal wadajib zakat), emas nja éta upama ngabogaan 20 mitqol (£ 121/8) pound sterling = 93,6 gram sarta disimpenna geus ampleng sataun. Wadajib dikaluarkeun zakatna 1/40 na (saper-opatpuluh)na = 2½% dina tiap<sup>2</sup> taun.

Ari nisabna perak, nja eta upama ngabogaan 200 dirham beuratna = 642 gram. Atawa upama ku duit Walanda baheula (kentjing) = f 86,66 sarta disimpenna geus tjempleng sataun. Wadajib dikaluarkeun Zakatna saper-opatpuluhna = 2½% dina saban<sup>2</sup> taun.

Dalilna : Tampi ti Aly bin Aby Tholib, saurna parantos ngadawuh Rasulullah s.a.w. : „Upama manéh ngabogaan perak 200 dirham sarta diampihanana geus tjempleng sataun kudu dikaluarkeun Zakatna 5 dirham ! Djeung emas tjan wadajib dizakatan, kadjaba upama manéh geus boga 20 dinar sarta diampihanana geus sataun tjempleng, wadajib dikaluarkeun zakatna 1/2 (satengah) dinar (H. R. Abu Dawud).

Ari nisabna duit keretas. Cheque (tjék), buku tabungan djste eta diukurkeun bae kana nisabna emas, perak-karana duit keretas téh kapan bon tina emas anu aja di bank (Soal Djawab VII : 1).

Emas djeung perak nu didjieun perhiasan (anu mubah) naha wadajib dizakatan ?

Pandangan para ulama kana ieu masalah aja 2 bagian. Sabagian nerangkeun teu wadajib dizakatan (Iatanultholibin II : 155). Sagolongan deui netepkeun wadajib dizakatan.

Saur Az. Zuhry : „Nurutkeun sunnah, perhiasan tina emas djeung perak wadajib dizakatan”. (Al-Muhalla VI : 71-76).

Saur para ulama anu netepkeun wadajib dizakatanana perhiasan emas djeung perak : „Perhiasan emas, perak téh teu aja nisabna, sarta wadajibna dizakatan téh ngan sakali ba é(teu saban taun).”

Dalilna : Tampi ti Amir bin Sju'aib nu djolna tiramana djeung ejangna : „Aja awewe djeung anakna wanita deui ngadeuheus kangdjeng Nabi s.a.w., dina leungeunna budak téh maké geulang emas sapaasang.

Dawuhan Rasulullah : „Eta geulang emas téh geus dizakatan?”  
„Teu atjan,” tjek indung budak téh.

„Naha maneh rek senang upama engke dina poe kiamat leungeun maneh digeulangan ku seuneu?”

Harita kénéh éta geulang téh diporosotkeun (H.S.R. Hakim Bulughul marom : 234).

### Barang dagangan.

Ari nisabna barang dagangan, sarua baé djeung nisabna emas perak, tegesna upama eta barang dagangan dina ahir taun buku aja sapangaoseun nisab emas sareng perak wadajib dikaluarkeun zakatna  $2\frac{1}{2}\%$  (dua satengah persen).

Demi nu disebut barang dagangan téh nja eta bungkeuleukan wujud barang<sup>2</sup> anu didagangkeun (anu mangrupi dagangan). Ngitung nisabna barang dagangan, nja éta tutup taun buku, karena awal taun djeung tengah taun mah éta teu bisa dipaké ukuran.

Modal (anu dina ahir taun) mangrupa duit bungkeuleukan atawa duit ladang barang<sup>2</sup>, éta kaasup kana barang dagangan nu wadajib dizakatan.

Djadi ngaluarkeun zakat barang dagangan téh, lain saban<sup>2</sup> dijual beuli tapi dimana urang dagang geus djedjeg sataun, sarta dina ahir taun aja sa-nisab nembe wadajib ngaluarkeun zakatna.

(Fiqh Islam : 167).

### Dalilna :

Diwartoskeun ku samuroh Ibnu Djundub jén manéhna geus diparéntahkeun ku Rasulullah s.a.w. jén kudu ngaluarkeun zakat tina barang<sup>2</sup> dagangan (H.R. Abu Dawud - Bulughul marom : 124).

Kumaha mun ngaluarkeun zakat meméh tutup taun ? Hal eta diwidian ku sjara Dalilna :

„Geus njarios Aly, jén Abbas bin Abdul Mutahalib njuhuñkeun widdi ka Rasulullah s.a.w. jén baris ngaluarkeun zakat sameméh waktu-na. Nja ngawidian Nabi s.a.w. kana pamaksudanana (H.R. Turmudzi Ibnu Madjah djste-Naitul Author IV : 212).

### Zakat-ingon<sup>2</sup>.

Nu disebut ingon<sup>2</sup> dina bab zakat nja eta : onta, sapi, munding, domba, embé djsb.

1. Nisabna onta, upama urang ngabogaan 5 nepi 9 onta, zakatna hidji onta.

2. Nisabna sapi atawa munding, upama urang geus ngaboga-an 30 (boh sapi boh munding) zakatna hidji dina tiap<sup>2</sup> taun. Umurna nu dizakatkeun anu umur sataun. Ti 40 n/k 50 sapi (munding) zakatna 1 nu umurna geus dua taun (dina saban taun) saterusna tiap<sup>2</sup> tambah 30 zakatna hidji sapi atawa munding anu umurna sataun. Tiap<sup>2</sup> tambah 40 zakatna 1 nu umurna 2 taun djste.

3. Nisabna domba (embe), upama urang geus boga 40 domba atawa embe. Ti 40 n/k 120 zakatna 1 nu umurna 2 tahun. Ti 121 n/k 200 zakatna 2 nu umurna 2 tahun. Saterusna saban<sup>2</sup> tambah 100 tambah deui zakatna 1 embe atawa domba.

### **Zakat bubuahan.**

Bubuahan anu kakeunaan wadajib zakat ngan korma djeung anggur (Fiqh Islam : 166).

### **Zakat pepelakan.**

Dawuhan Alloh Ta'ala : „Kami teh Dzat anu ngadjadikeun kebon<sup>2</sup> nu hirupna ngarambat djeung nu teu ngarambat, korma, palawidja, anu rupa<sup>2</sup> rasana. Zaitun djeung dalima anu sarupa djeung anu teu sarupa.

Pek dalahar ku maraneh buahna upama geus baruahan, djeung bi-keun zakatna dina poean metikna. Tapi omat ulah rek kaleuleuw-ihan saenjana Kami teu resep ka nu awuntah”.

(Qurän S. An'am ayat 141).

Saur Sjech Abu Bakar Ibnul Aroby dina kitab Ahkamul Qurän : „Eta ayat teh maedahkeun kana wadajib zakat dina tiap<sup>2</sup> pepelakan anu ku Alloh Ta'ala 'disebutan tadi”.

Tapi urusan zakat pepelakan teh pamanggihna para ulama baheula nepi ka ajeuna ogé teu aja kasalujuan. Diriwajatkeun ku Imam Malik, saurna : „Pepelakan nu wadajib dizakatan téh ngan ukur nu matak njeubeuhkeun baé (nu djadi kakuatan poko)”.

Dina ieu masalah Imam Asj-Sjafi'i oge sapamadegan djeung Imam Maliky.

Saur Imam Abu Hanifah : „Wadajib zakat tina saantero pepelakan anu dituwuhkeun ku bumi boh tutuwuhan nu matak njeubeuhkeun, boh bubuahan atawa lalab<sup>2</sup>an (sajuran)”.

Imam Ahmad (Hambaly) dina kaol nu pangtegesna sapamadegan djeung Imam Abu Hanifah, tegesna ngawadajibkeun zakat

tina saantero pepelakan anu kauni dina Al-Qurän Surat An'am ayat 141 téa.

Sjech Abu Bakar Ibnul Aroby kieu pamadeganana : „Abu Hanifah ngadjadikeun ayat nu kasebut bieu pikeun oborna. Ku sabab kitu andjeunna ngahasilkeun anu bener anu pohara keunana djeung merenahna”.

Ungkab :

1. Ahkamul Qurän I : 313
2. Bidayatul mudjtahid I : 227
3. Al-Muhalla V : 257

Ringkesna dina masalah zakat pepelakan, para ulama dibagi dua golongan :

1. Anu ngawadjibkeun zakat tina saban<sup>2</sup> bubuahan djeung pepelakan sakumna anu aja rengkolna dina Al-Qurän Surat An'am ayat 141 tea.

2. Anu ngan ngawadjibkeun zakat kana buah (siki) djeung nu djadi kadaharan poko (tatali hirup), saperti pare di urang, djagong di Madura, gandum di Eropa djste.

Sabaraha nisabna bubuahan djeung pepelakan teh ?

Dawuhan Rasululloh s.a.w. : „Teu atjan wadjib dizakatan boh tina sisikian (nu nguatkeun) boh tina korma saméméh-na djedjeg heula lobana nepi ka lima wasaq (H.S.R. Muslim/Fiqh Islam : 174).

Ku hadits eta etjes jen nisabna bubuahan djeung pepelakan teh upama urang geus boga 5 wasaq anu beresih tanpa kulit atawa 10 wasaq anu kulitan keneh.

**Keterangan.**

1 Wasaq = 60 sho

5 Wasaq =  $5 \times 60$  sho = 300 sho

1 Sho = 3,1 l (Tingali Kamus Arabic Englisch Lexicon). Djadi

3 wasaq teh =  $300 \times 3,1$  l = 930 liter anu beresih (tanpa kulit) atawa  $2 \times 930$  l = 1860 liter nu kulitan kénéh.

**Sabaraha/sakumaha zakatna ?**

1. Tampi Djabir, tampi ti Rasululloh s.a.w. : „Sisikian anu ditjébor ti susukan atawa ku tjihudjan zakatna saper-sapuluhna (10%). Ari nu ditjébor make ngagunakeun kintjir atawa ngagunakeun tanaga sato (ditarik), zakatna saper-duapuluhna (5%) (H.S.R. Ahmad Muslim, Nasa-i).

Tjindekna pepelakan nu ditjéborna teu ongkosan zakatna 10% ari nu ongkosan 5% dina saban<sup>2</sup> dipetik (panén).



**Zakat Rikaz djeung Ma'dan**  
(pependeman-logam).

a. Upama urang nimu pependeman titinggal nu baheula boh emas boh perak kudu dizakatan.

Nurutkeun pamadegan Imam Sjafi'y c.s. nisabna rikaz téh sarua djeung nisabna emas atawa perak nu biasa (20 miscol emas djeung 200 dirham perak-sakumaha nu geus dipedar di luhur.

Tapi nurutkeun pamadegan Imam Malik, Imam Abu Hanifah, Imam Ahmad bin Hambali mah rikaz teh teu aja nisabna, tegesna nimu sakumaha baé ogé kudu dizakatan.

176).

b. Ari rikaz wadjib haul (djedjeg sataun?) Teu kudu. Harita nimu harita kénéh kudu dikaluarkeun zakatna (Tingali Muhazzab I : 162)!

c. Sabaraha ari zakat rikaz?

Tampi ti Abu Hurairoh jén dawuhan Rasulullah s.a.w. zakatna téh saperlimana (20%).

(H.S.R. Buchari sareng Muslim)

**Zakat Ma'dan (logam : emas/perak hasil pertambangan).**

Upama geus aja sanisab eta perlu di zakatan Ngaluarkeunana zakat teu disaratkeun kudu geus sataun tapi kudu saharita (Tingali Al Muhalla V : 75-76).

Zakat emas/perak tina pertambangan nja eta saper-opatpuluhna (2½%).

Dalilna : Tampi ti Bilal bin Harits, jén Rasulullah s.a.w. geus njandak zakat tina hasil pertambangan qobaliyah.

(H.R. Abu Dawud).

Dawuhan Rasulullah s.a.w. : „Emas djeung perak zakatna sa-peropatpuluhna (2½%)”.

(H.S.R. Buchary).

**Zakat fitrah.**

Tampi ti Ibnu Umar, jen saurna Rasulullah s.a.w. geus ngawadajibkeun zakat fitrah dina bulan Romdon seueurna sa-Sho = 3,1 liter, boh mangrupa sa'ir boh korma pikeun saurangna. Boh djalma merdika boh abid, boh awéwé boh lalaki ti kalangan kaom Muslimin.

(H.S.R. Buchary-Muslim).

Mikeun zakat fitrah bisa ti tanggal 1 Puasa keneh, upama mi-  
keun zakat fitrah geus leuwih ti poe lebaran diharamkeun.

Saur Ibnu Umar r.a. : „Para sahabat Nabi s.a.w. ngaluarkeunana  
zakat fitrah téh sok dina saméméh poéan lebaran pidua poéan deui  
atawa piisukaneun lebaran (Nailul Author IV : 249).

### Saha nu berhak nampa zakat ?

Dawuhan Alloh Ta'ala : „Taja lian sidkah<sup>2</sup> atawa zakat<sup>2</sup> téh  
kadjaba pikeun :

1. pakir
2. miskin
3. amilin (panitia)
4. mua'llat
5. abid/riqob
6. nu boga hutang
7. sabilillah
8. Ibu sabil (nu keur aja dina perdjalanan)”.  
Tah eta teh katangtuan ti Alloh Ta'ala

(Q.S. Attaubah ayat 60).

Tjindekna nu berhak nampa zakat teh nja eta salah sahidji ti  
antara 8 golongan anu ditataan tadi di luhur.

Sakitu gurat-badagna hal<sup>2</sup> anu aja patula-talina djeung bab  
zakat. Unak-anik bubuk-leutikna rea keneh, tapi tangtu moal bisa  
dipedar di dieu, ieu mah itung<sup>2</sup> obor ka nu poékeun baé.

Nu panasaran aja hasrat maluruh langkung paos untkab bae :

1. Soheh Buchory	I : 367
2. Soheh Muslim	I : 389
3. Nailul Author	IV : 122
4. Subulus Salam	II : 120
5. Balughul-marom	: 223
6. Bidayatul Mudjtahid	I : 227
7. Al-Muhalla	V : 257
8. Ahkanul Qur'an	I : 313
9. Ianatut Tholibin	II : 147
10. Al-Muhadzab	I : 141
11. Budjairmi Iqna	II : 258
12. Fiqh Islam	: 164

Dina bobo sapanon tjarang sapakanna, taja sanés mung silihapuntenna anu kasuhun.

## IX. W A K A F.

a. Nu disebut wakaf téh nja éta nahan (mikeun) hidji barang anu baris awet (lana) malar kaalap mangpaatna pikeun kamangpaatan (digunakeun) kana djalana kahadéan.

Tingali .

1. Fiqh Islam : 302
2. Subulus Salam : III : 87
3. Nailul Anthor : V : 22

Ku sabab eta dilarang teu meunang wakaf ku barang anu bakal digunakeun kana ma'siat.

Tingali : Muhazzab : I : 440

b. Waktu sahabat Umar r.a. nampa saluwuk tanah di Choibar andjeuna tumaros ka Rasulullah s.a.w.

„Kedah kumaha abdi ngagunakeunana ieu tanah ?”

Waler Rasulullah : Upama andjeun aja karep alusna sidkakeun pangasilanana (mangpaatna).

Sumarandé kana éta piwedjang Rasulullah s.a.w., Umar r.a. njidkakeun kahasilanana tina éta tanah kalajan kajid moal didjual tanahna sarta moal diwariskeun. (H.S.R. Buchori i- Muslim).

c. Tampi ti Abu Huraeroh : Jén saenjana Kangdjeng Nabi s.a.w. geus ngadawuh, upami hidji djalma maot éta pegat sagala amalna, Kadjaba ti :

1. Sidkah djariah
2. Ilmu anu dimangpa'atkeun
3. Anak soleh anu ngadu'akeun kaindung bapana (H.S.R. Djama'ah).

d. Sahabat Cholid geus ngawakapkeun badju kéré (badju beusi) ditjawiskeun keur kapentingan perang sabil (H.S.R. Buchori).

Eta hadits bieu ngétjéskeun jén :

a. Sah wakap tanah anu mangpa'atna disidkakeun ka umumna kaum Muslimin kalajan tanahna ditahan (teu diwariskeun) sarta moal dipindah-pindah hakna (tetep di nu boga).

b. Mangpa'atna wakaf leuwih lana djeung leuwih gedé tibatan sidkah<sup>2</sup> anu make tjara sedjen.

c. Para sahabat kungsi ngawakapkeun barang<sup>2</sup> nu ka mangpa'atanana timbul sa-waktu<sup>2</sup>.

Rukun wakap, tegesna djalma nu rek wakap teh kudu :

- a. Ahli migawé kahadéan, nadjan teu ngagem agama Islam oge.
- b. Karepna pribadi henteu karana kapaksa sarat nu diwakapkeunana :
  - a. Kuat (lana) zatna dimana digunakeun teu ruksak<sup>2</sup>.
  - b. Kudu milikna sorangan.

### Kasaha kuduna masrahkeun wakaf ?

a. Sah dipasrahkeunana nadjan husus ka hidji djalma ogé, asal nu katimbang sanggupeun ngurusna (ulah ka budak atawa ka abid).

b. Masrahkeun wakap nu leuwih utama tur leuwih mangpa'at, kudu keur kapentingan agama atawa kapentingan umum saperti ka :

1. pakir miskin saumumna
2. murid<sup>2</sup>
3. masdjid<sup>2</sup>
4. sakola<sup>2</sup>
5. njieun djalan umum
6. djambatan<sup>2</sup>
7. djste nu mangpa'at keur masarakat.

Tingali : 1. Fiqh Islam : 305

2. Muhazzab : I 441

### Kumaha hukumna ngadjual barang wakap ?

Tadi diluhur geus diterangkeun jen barang<sup>2</sup> wakap teh pikeun ditjokot mangpa'atna, ari pokona mah kudu tetep ulah leungit. Tegesna ulah (didjual atawa dibikeun).

Kumaha upama geus leungit mangpa'atna (teu kaala mangpa'atna) saperti :

Masdjid butut nu geus teu bisa dipaké solat. Naha meunang didjual sarta ladangna dibeulikeun deui ?

Nurutkeun katerangan Imam Hambaly djeung Imam Hanafy, taja halanganana barang wakap didjual asal ladangna dibeulikeun deui ka nu aja mangpa'atna Tingali !

1. Fiqh Islam ; 307
2. Subulus Salam : II : 88

Pamadegan arandjeunna kitu teh niru kana amalna sahabat Umar r.a. anu kungsi ngaganti masjid Koufah. Djaba ti dioméan tempatna téh bari dipindahkeun deui, ari urutan tempat masjid didjieun pasar. (Tingali Fiqh Islam : 3071).

Saur Imam Ibnu Taymiyah, saenjana anu djadi poko pasualan dina masalah ieu, nja éta pikeun ngadjaga kamuslihatan, sedeng Alloh s.w.t. maréntahkeun ka urang saréréa ngadjalankeun kamaslahatan, djeung ngadjauhan karuksakan.

„Sing saha djalma anu taqwa ka Alloh djeung njieun kamaslahatan, maneh na moal pinanggih djeung pikasieu-neun sarta moal pinanggih djeung pinalangsaeun.

(Q.S. Al - A'rof 35).

Tingali Al - Muinul Mubin!

### Sarat<sup>2</sup> wakap

1. Ngawakapkeun barang téh kudu salilana, teu meunang diwatesan waktuna, upama wakap diwatesanan teu sah.

Tjontona ngawakapkeun imah ka pakir miskin pikeun satauneun. (Tingali Muhazzab I : 441).

2. Kontan sapada harita, ulah aja kayid tjontona : Upama si Fulan datang kuring rék ngawakapkeun ieu. Ieu lafadz téh teu sah. (Tingali ibid).

3. Kudu puguh ka saha diwakapkeunana, boh ka saurang boh ka pakumpulan (Tingali ibid).

Upama diwakapkeun ka hidji djalma perlu make idjab qabul (papasrahan) ti nu wakap ka nu narimana.

Tapi upama ka umum mah teu kudu diajakeun Idjab qabul (Tingali Fiqh Islam : 305).

Upamana baé wakap ka organisasi saperti : Muhammadiyah, N.U. djste ngurusna bisa babarengan supaja lantjar.

### X. ANAK TEU SAH (anak djadah).

Anggapan masarakat Sunda ka budak nu dilahirkeun tanpa perkawinan (anak djadah) umumna katjida matak nganjerikeunana

(njigeung) perasaan budak nu gumelarna ka dunja tanpa perkawinan nu sah.

Tegesna eta „budak” dianggap hina, runtah masarakat.....

Tadi geus disebutkeun jen eta teh anggapan masarakat tanpa dasar (tanpa katerangan).

Kumaha ari tjék pandangan Islam ?

Aja hidji kalimah basa Arab nu unina kieu :

„WALADUZ ZINA LAYADCHULUL DJANNATA ILA SAB'ATI ABNAIN”.

Hartina : Anak djadah moal asup ka sawarga nepi ka tudjuh turunan.

Naha eta kalimah Arab anu di luhur teh, hadits atanapi sanes. Soheh atanapi henteu ?

Nurutkeun nu kapapaj kitab<sup>2</sup>na ku sim kuring, nganggapna Islam ka budak (anak djadah) teu aja bédana djeung ka budak<sup>2</sup> biasa anu dilahirkeun kalajan sah. Sagala taklif (pameredih) sjara teu diwilah-wilah, éstu keuna (kudu didjalankeun) ka sakabéh kaom Muslimin tanpa dipapaj heula tina perkawinan indung-bapana.

Ku kituna, lantaran pandangan agama mah taja bédana, éta ketjap anu garihal kareungeuna teh saena dipupus tina Kamus, ulah dipake deui ku masarakat.

Dawuhan Alloh Ta'ala dina Al-Quran :

„SAENJANA ANU PANGMULJANA DIANTARA MARANEH TEH NJAETA DJALMA NU PANG TAQWANA”.

(Q.S. Al-Hudjurot : 13).

Saban budak anu dilahirkeun tina rahim (pianakan) indungna, éta sutji da nu baroga dosa mah lain orok tapi nu ngadjalankeun Z I N A (kolotna), luju djeung pirang<sup>2</sup> ajat Quran nu nerangkeun jén hidji djalma moal nanggung dosana nu lian, djeung hidji djalma moal bisa narima amal gandjaran nu dipigawé ku batur.

#### Dalilna sutjina budak.

Dawuhan Rasulullah s.a.w. : „Teu aja hidji ogé budak anu djurukeun bari teu sutji (sutji kabeh)” (H.S.R. Buchary).

Ka Siti Aisjah r.a. (Ibuna kaom Muslimin) kungsi aja nu naroskeun tina hal anak teu sah, diwaler ku andjeunna jen eta budak saeutik ge teu boga dosa sarta moal nanggung dosa indung bapana. Tingali Al-Muhalla djuz IV katja 213).

Omongan basa Arab nu diluhur sok disarebut hadis téa, lantaran papalimpang djeung ajat<sup>2</sup> Quran jakin jén éta téh hadis palsu (maudlu).

Nurutkeun éta hadis palsu.

Budak nu teu tuah teu dosa, kudu nanggung dosa indung, bapana, padahal numutkeun Quran mah :

„Djeung moal menanggung hidji djalma kana dosana nu lian, gandjaran djeung siksaan mah kabéh ogé (hasil pagawéanana). séwang<sup>2</sup>an.

(Q.S. An - Nadjam : 38-39):

„Keur manehna sagala perkara nu geus dipigawe teh”. (Q.S. Baqoroh 134 - 141 - 286).

„Saha<sup>2</sup> nu milampah kasoléhan nja pikeun kahadéan dirina, djeung saha<sup>2</sup> nu njeun lampah djahat nja pikeun katjilakaan dirina”. (Q.S. Sadjadoh 46).

Tina hal pedaran hadis palsu tiasa diungkap di antarana dina buku<sup>2</sup> ieu (basa Arab).

1. Al-laa li-ul nas-nu'ah
2. Tamyizut toyyibi minal chobist
3. Tadzkirutul maodu'at
4. Al-lu-lu waj marsu
5. Baequniah bagian hadis maudu'
6. Sedjarah dan pengantar ilmu hadits (bah. Ind.).
7. Djste.

## HADJAT DI NU KAPAPATENAN

Di masarakat Sunda, rea pisan adat<sup>2</sup> talari karuhun anu turunturun nu lilana geus mangratus-ratus taun, diantaranya „Kabiasaan hadjat di nu kapapaténan”.

Upama leukeun njuktjuk<sup>2</sup> galur mapaj<sup>2</sup> sadjarah kapertjajaan djeung agama urang Sunda tibihari tug ka kiwari téh bisa dibagi tilu bagian :

1. Djaman muhit dedemit (animisme)
2. Djaman muhit dewa<sup>2</sup> (hinduismeu)
3. Djaman sumembah wungkul ka Gusti Alloh (islamismeu).

Nadjan ajeuna meh kabeh urang sunda (95% ngaragem agama Islam), tapi réa kénéh anu gugon tuhon kana talari karuhun, anu bibidjilan tina adjaran<sup>2</sup> animismeu djeung hinduismeu, bari adjaran<sup>2</sup> agama Islam teu weléh didjaralankeun, ieu talari<sup>2</sup> téh ngadjaralankeunana ditjampur-adukeun djeung pangadjaran<sup>2</sup> (papa-gon<sup>2</sup> Islam).

Nu patali djeung hadjat di nu kapapatenan nurutkeun parentah islam :

1. Upama aja djalma muslim kapapaténan, sabada réngsé mular-sara majit teh dina hadis saheh kaunggel kieu :

a. Tampi ti Abdulloh ibnu Djafar r.a. jen waktu Kangdjeng Nabi Muhammad s.a.w. diwartosan sahabat Djafar pupus, andjeun-na ngadawuh kieu : „Hé kaum Muslimin, kudu njadiakeun kadahar-an maraneh keur dalaharna kulawarga Ki Djafar, sabab maraneh-anana keur nandangan susah (hadis sahéh riwayat Imam Sjafi'i djeung Imam Achmad r.a.).

b. Tampi ti Achmad r.a. ti Djarir Ibnu Abdullah al-Badjaly r.a. saurna : „Sim kuring sadaja (para sahabat djeung para tabi'in, nganggap kana kumpul ngariung diimahna achli majit djeung balaketjranken barang dahar sanggeus majit dikurebkeun eta sarua baé djeung nyahah (sarua djeung dosana nu djedjeritan, bari njo-soék badju lantaran njeungtjeurikan nu maot).

Djadi nu diparentahkeun ku Rasululloh s.a.w. kapara muslimin mah, upama urang aja nu kapapatenan teh, kulawarga djeung ta-tangga majit teh kudu ngadjamin daharna kulawarga majit lanta-taran kulawargana téh keur nandangan kasedihan.

Djadi nu geus galib didjalankeun teh patonggong-tonggong pisan djeung parentah Rasululloh, diurang mah boh kulawarga, boh sobat atawa tatanggana teh njusahkeun, eukeur mah sedih di-tinggalkeun maot tambah<sup>2</sup> kudu njuguhan semah<sup>2</sup>.

Leuheung di nu aja pakeunna, di masarakat leutik gé nepi ka dibélaan ngandjuk-hutang atawa djual-djaar, éra ngabélaan kabia-saan téa (kabiasaan nu salah), malah para sahabat djeung para ta-bi'in mah nganggap dosa sakumaha nu geus diterangkeun di luhur.

Pamadegan para ulama achli sunnah awal djamaan :

a. pilahir sayyid Ahmad Zaini, mufti madzhab Sjafi'i di Me-kah : „Kalakuan nu dipigawe ku djalma<sup>2</sup> di nu kapapatenan (dala-har balakétjranken) téh kaasup kana bid'ah anu munkar anu tangtu



baris meunangna pahla pikeun pamingpin nagara nu keresa ngalarangna” (Ianatut Tholibin Djuz II : 145-146).

b. .... Teu samar deui jen njegah djalma nu ngadjalankeun bid’ah nu mungkar téh éta sarua djeung ngahirupkeun sunah Rasul s.a.w. numpes bid’ah djeung mukakeun lawang kahadean katut nutup lawang<sup>2</sup> kadjahatan (ibid).

c. Pilahir mufti madzhab Hanafi : „Bakal meunang pahla kapala nagara upama ngalarang djalma<sup>2</sup> nu ngalampahkeun perkara<sup>2</sup> nu kaasup bid’ah, anu éta bid’ah téh dipandang goréng ku djumhurna ulama<sup>2</sup> Islam (ibid).

d. Pamadegan mufti madzhab Maliki djeung Hambali sarua djeung pamadegan anu tadi diluhur.

Tjindekna ; adjaran Islam teu marentahkeun ngajakeun hadjat di nu kapapaténan (njusur tanah, tiluna, tudjuhna, matangpuluh, natus, néwu, mendak), malah kuduna mah para Muslimin téh eungkeut<sup>2</sup> ngaleungitkeun adat<sup>2</sup> anu todjaiyah djeung adjaran<sup>2</sup> Islam, sarta ngamimitian ngalaksanakeun adjaran<sup>2</sup> Islam kudu sakumaha anu diandjurkeun ku Rasululloh s.a.w. katut djumhurna para ulama Islam sakumaha anu geus dibédjér-béaskeun di luhur.

Katjida handjakalna réa kénéh bangsa urang nu sok ngédjék (upama di nu kapapaténan teu hadjat téh malah sok ditjap kaom wahabi.

Nurutkeun katerangan hadis saheh : „Dimana anak Adam maot éta pegat sakabéh amal pagawéanana”. Tjindekna ari geus maot mah, pagawéanana djalma téh eureun boh salat, boh dahar, djst.

Demi nu dipikabutuh ku urang kubur (nu geus maot) nja éta :

1. Du’a supaja ditampa amal ibadahna ku Gusti Allah, malar di hampura dosana.
2. Butuheun ku nu neruskeun tjita<sup>2</sup>na, dipangmajarkeun hutangna. dipikanjaah kanjaahna djst.

Dalilna : Dimana maot anak Adam pegat sagala amalna, kadjaba ti 3 rupa anu teu pegat nja eta :

1. Sidkah djariah.
2. Ilmu anu geus dimangpa’atkeun.
3. Anakna anu soleh anu ngado’akeun ka manehna.

(H.S.R. Buchory)

## XII. SJAHADAT.

Rukun Islam nu kahidji, nu djadi djangkar (poko) kaislaman téh, nja éta sjahadat. Moal sjah Islamna hidji djalma upama tampa sjahadat. Demi lafadz sjahadat téh njaéta :  
Asjhadu an laa ilaaha illallahu, wa asjhadu anna Muhammadar Rasulullah.

Pisundaeunnana : Abdi njakseni jen teu aja deui nu wadjib di-sembah di'badahan) salian ti Gusti Allah sarta abdi njakseni jen Kangdjeng Nabi Muhammad s.a.w. téh éta utusan Allah.

Njakseni (njaksian) téh nja éta netepkeun boh ngaenjakeun, boh ngalainkeun kana hidji perkara anu bener<sup>2</sup> manehna njaho kalajan jakin, sabab upama teu kitu bisa kadjadian djadi saksi palsu.

Ari parobot ngajakinkeun aja 3 rupa, njaéta :

1. Pantja dria (panendjo, pangdenge, pangambeu, pangintip djeung pangrasa) djalma nu néndjo bodasna warna kapur, moal asa<sup>2</sup> njaksian kana jen enja warna kapur teh bodas. Djalma nungambeu cologne (kolonjo) moal asa<sup>2</sup> njaksian jen enja ambeuna kolonjo teh seungit. Nja kitu deui jakinna kana keusrakna hampelas tjék pang-rampa (pangrasa kulit) atawa jakin ladana tjéngék tjek pangitjip (pangrasa letah) djst.

2. Akal. Tjontona hidji djalma ninggalkeun imahna sarta panto<sup>2</sup>na disosian. Dina waktu manehna balik panto imahna geus rudjad, barang sup ka imah sakur barang<sup>2</sup> anu gede pangadjina geus ledis. Eta djalma djol-djol teg bae dina hatena kalajan jakin (teu mangmang) deui jén pantona téh dibongkar ku bangsat. Jakinna di lebah dieu djolna tina akal (pikiran).

3. Bedja (bewara) anu sah anu dikuatan ku bukti<sup>2</sup> nu patri. Tjontona : jakinna urang ka indung-bapa. Pertjajana urang jén éta djalma téh indung urang atawa bapa urang, taja lian ukur tina bédja, da waktu urang dilahirkeun mah apan teu inget<sup>2</sup> atjan. Lian ti bédja, urang beuki pertjaja ku „kanjaahna” nu luar biasa djeung tjek batur rupa urang sarimbag djeung arandjeuna upamana.

Tjonto sedjen : Hakim nibankeun hukuman ka sakitan. Jakinna Hakim jén éta sakitan boga dosa téh nja éta : tina pangakuanana sorangan, katerangan ti saksi, atawa aja buktina barang anu dipaling.

RUKUN ISLAM NU KAHIDJI njéta SJAHADAT. Ketjap „sjahadat” dina basa Arab upama ditardjamahkeun kana basa Sunda

pisundaeunana téh njaksian. njakseni). Dina lebah njaksian ieu ogé urang moal kaluar tina djalan parabot ngajakinkeun anu tadi.

Tegesna njaksian ka Allah Ta'ala téh sabada urang ngajakinkeun ka manten-Na ku ngagunakeun akal pikiran anu séhat.

Pendekna upama hantem akal dibantu ku pantjadria naliti (nengetan kaajaan alam bakal kandeg dina hidji pamadegan, anu netepkeun jén ieu alam téh pasti aja nu njiptakeunana tur aja nu ngaturna.

Ku sarerea ge karasa, jen djalma mah ngan semet ngararantjaug tapi dina djadina mah témpo<sup>2</sup> sok pa-tonggong<sup>2</sup> djeung kahajang (rentjana) urang téa, tjontona : unggal djalma pada hajang senang ! Tapi témpo<sup>2</sup> batan senang mah kalahka ripuh ! Unggal djalma hajang tetep tjageur, tapi réa nu teu laksana. Unggal djalma hajang pandjang umur tapi réréana mah sabalikna. Datangna nu dipikaembung ku urang tjara : gering, rugi, maot djst. sasat dipaksakeun, tur urang teu bisa nolak. Ku tjonto<sup>2</sup> diluhur étjés jén disaluareun „pangawasa” urang téh, aja hidji daya pangawasa anu bisa maksa ka urang daék teu daék kudu nurut !

Tjonto sédjén : Heula mana hajam djeung ajana endog ? upama disebut heula hajam, apan hajam ge bidjilna tina endog. Nja kitu deui upama disebut heula endog, apan jakin deuih jén endog ge bidjil tina hajam. Lebah dieu akal mandeg dina hidji kajakinan anu netepkeun jén baheula, aja salasahidji nu leuwih ti heula naha hajam naha endog.

Ajeuna timbul deui pertanjaan : Saha nu njiptakeun hajam atawa endog nu mimiti ?

Kapan asalna mah tina euweuh. Teu kaharti ku akal tina asal euweuh djadi aja upama teu aja nu ngajakeunana.

Tjenah ajana teh djadi kumaneh !

Lamun ajana tina euweuh kana aja téh ku manéh, ieu ogé teu kaharti, sabab lamun kitu nja euweuh téa nu ngajakeun hajam atawa endog nu mimiti teh. Naha bisa ditarima ku akal barang euweuh bisa ngajakeun barang nu aja ? Ana kitu atuh tangtu éta anu njiptakeun hajam atawa endog nu mimiti téh HIDJI DZAT NU AJA, nu ajana teu dimimitian ku euweuh heula. Tegesna hidji dzat Nu maha Kodim nu ajana tanpa wiwitan, djeung teu ditungtungan ku ruksak, anu Maha Kawasa anu Maha Bidjaksana tur Maha Sutji sulaja djeung saantero mahlukna dina sagala-galana.

Dawuhan Sjah Muhamad Idris Almarbawy dina Kamusna : „Alloh itu jalah nama Tuhan Jang Maudjud”.

Sadjabi dua tjonto anu bieu oge pirang-pirang keneh tjonto<sup>2</sup> anu maksa kana akal ngajakinkeun jén Allah Ta'ala téh aja. Maha Kawasa Pangeran nu wadajib disembah djeung diibadahan!

Kumaha ari ngajakinkeun ka Rasulullah s.a.w.? Ieu mah ku parabot nu katilu, nja eta tina bewara (bedja) nu bener (sjah) dikuatan ku bukti<sup>2</sup> nu patri. Tegesna sadjarah nu „mutawatir” anu moal bisa dibantah deui, geus ngétjéskeun (méré kajakinan) ku rupa<sup>2</sup> bewaraanana nu memang enja jén Kangdjeng Nabi Muhammad s.a.w. téh utusan Allah Ta'ala. Lian ti éta dikuatan ku bukti anu djadi pamatri nja éta mudjidjat andjeunna nu pang ageung<sup>2</sup>na nja éta al-Quranul Karim, nepi ka ajeuna djadi saksi anu diadji ku urang.

Sora saembara panangtanga masing tetep ngontjrang ngumandang didjagat raya tur masih tetep (nangtang hudjah ti djalma<sup>2</sup> nu alingkar) sakumaha anu kaunggel dina surat Al-Baqoroh ayat 23 nu pisundaeunana kieu: Lamun maranéh masih haramham kénéh baé tina perkara nu geus diturunkeun ku kami ka abdi kami (Muhammad) nja eta Al-Quran. Tjing pek atuh geura njarieun sasurat mah nu sarua djeung eta (Al-Quran). Djeung pek sarambat sesembahan maraneh salian ti Allah lamun enja<sup>2</sup> maraneh balener.

Nepi ka saat ieu, malah nepi ka lebur kiamat ge moal aja nu bisa ..... niru atawa njaruaan Al-Quran.

Mangkaning Kangdjeng Nabi Muhammad s.a.w. téh teu iasaeun maos djeung teu iasaeun njerat! (Andjeunna teu guguru djeung teu sakola) ka djelema!

Hal ieu tjukup djadi saksi kana karosulanana pikeun djalma<sup>2</sup> anu arinsap.

Ku pedaran tadi di luhur étjés jén „panjaksenna” Kaum Muslimin ka Pangéranana, njakitu deui panjaksenna ka Panutanana téh éstu medal tina dasar anu kuat (lain tuturut munding) teu béda ti jakinna ibarat nu njakseni kana beureumna warna getih ku panéndjo panon atawa tjara jakin kana halimpuna sora Titim Patimah ku pangreungeuna. Atawa saperti jakinna Si Anak ka indung-bapana (malah leuwih) ti kitu.

Mugia ieu pedaran  
pada ngalenjapan  
sing kaalap mangpa'atna  
keur nguatkeun i tikad urang  
nu sok radjeun pareng  
kataradjang hama .....

# EUSINA

katja .....

<b>MUQADIMAH</b> .....	
I. H i r u p .....	5
II. Hak <sup>2</sup> azasi manusa .....	11
III. Harti ketjap agama .....	14
IV. Iman djeung élmu (Pangaweruh) .....	17
V. Parasaan rendah diri (Inferioritycomplex) .....	22
VI. T a k a b u r .....	24
VII. D i s u n a t a n .....	28
VIII. Z a k a t .....	30
IX. W a k a f .....	37
X. Anak teu sah (anak djadah) .....	39
XI. Hadjat di nu kapapatenan .....	41
XII. S j a h a d a t .....	44

## BÉWARA MAWA GUMBIRA !

Baris medal buku pedaran Agama :

### "PANTJARAN HIKMAT"

Karangan saha ?

Moal aja nu bireuk deui pikeun disakuliah tatar Pasundan.

### "H.A. FATHURROHMAN"

Bukuna nu munggaran !

- Pangalaman medarkeun agama kalintang djembarna.
- Basana lantjar nikmat matjana.
- Eusina ngabahas 12 masalah nu marundel.
- Pedaranana objektif, pasti kamanah ku unggal aliran.

Enggal pesen bilih seepeun !

Ka alamat dihandap ieu :

Pangaos Rp. ~~4,000,-~~

Dikaluarkeun ku : Badan Penerbit C.V. „DOMAS”  
Djl. Lodaja 21 Bandung – Tilpon 5823.















